

PERANGAN I TATA BASA

A. Ancasipun Wulangan Tata Basa Jawi

Ancasipun wulangan tata basa Jawi inggih menika mahasiswa saged mangertos saestu bab-bab ingkang magepokan kaliyan:

1. wujud, jinising tembung, saha pangrimbaging tembung,
2. jinising frasa, klausa, saha ukara, ugi
3. pandhapuking frasa, klausa, saha ukara.

B. Andharan Wulangan Tata Basa Jawi

1. Widya Tembung

Widyatembung/ *morfologi* inggih menika sempalaning tata basa ingkang ngrembag bab tembung, dumadosing tembung, ewahing satunggaling tembung dados tembung sanes. Tembung mujudaken rerangkening swara ingkang kawedhar dening lisan ingkang ngemu teges saha kasumurupan suraosipun. Tembung saged kabedakaken adhedhasar wujud saha jinisipun.

a. Wujuding Tembung

Katitik saking wujudipun, tembung saged kabedakaken dados sekawan golongan, inggih menika tembung lingga, tembung andhahan, tembung rangkep, saha tembung camboran.

1) Tembung Lingga

Tembung lingga/ *kata dasar* inggih menika tembung ingkang taksih wetah, dereng ewah, utawi dereng rinaketan wuwuhan menapa

kemawon. Tuladhanipun: mustaka, awrat, rembulan, budaya, lan sapanunggalanipun.

2) Tembung Andhahan

Tembung andhahan/ *kata bentukan* inggih menika tembung ingkang sampun ewah saking lingganipun amargi rinaketan wuwuhan (*afiks*). Wujudipun wuwuhan ing basa Jawi inggih menika ater-ater, seselan, panambang, saha wuwuhan sesarengan.

Ater-ater/ *prefiks/ awalan* inggih menika wuwuhan ingkang dunungipun wonten sangajenging tembung lingga lan panyeratanipun sumambung kaliyan lingganipun. Ater-ater ing basa Jawi antawisipun ater-ater anuswara (m-, n-, ny-, ng-), tripurusa (dak-/tak-, ko-, di-), a-, ka-, ke-, sa-, pi-, pra-, tar-, kuma-, kapi-, kami-. Tuladhanipun tetembungan ingkang rinaketan ater-ater inggih menika:

| | | | |
|-------|---|--------|-----------------|
| a- | + | teges | = ateges |
| ka- | + | sebut | = kasebut |
| ke- | + | ganggu | = keganggu |
| sa- | + | dhusun | = sadhusun |
| pi- | + | wales | = piwales |
| pra | + | tandha | = pratandha |
| tar | + | tamtu | = tartamtu |
| kuma- | + | wani | = kumawani |
| kami- | + | seseg | = kamiseseg(en) |
| kapi- | + | lare | = kapilare |

Tuladhanipun ater-ater anuswara:

| | | | |
|-----|---|--------|------------|
| m- | + | weling | = mulang |
| n- | + | tutup | = nutup |
| ng- | + | gambar | = nggambar |
| ny- | + | sapu | = nyapu |

Tuladhanipun ater-ater tripurusa:

| | | | |
|---------|---|--------|--------------------|
| dak/tak | + | tuku | = taktuku/ daktuku |
| kok- | + | tulis | = koktulis |
| di- | + | wulang | = diwulang |

Seselan/ *infiks/ sisipan* inggih menika wuwuhan ingkang dumunung ing satengahing tembung lingga. Seselan ing basa Jawi antawisipun -um-, -in-, -er-, saha -el-.

Seselan -um- winastan ugi bawa ma amargi menawi karaketaken kaliyan tembung apurwa vokal, seselan -um- ewah dados m-, saha dunungipun wonten sangajenging lingganipun. Tuladhanipun:

| | | | |
|-------|---|------|------------------|
| atur | + | -um- | = umatur → matur |
| seleh | + | -um- | = sumeleh |

Seselan -in- winastan ugi tanggap na amargi menawi karaketaken tembung lingga dados tembung kriya tanggap.

Tuladhanipun:

| | | | |
|-------|---|------|-----------|
| sebut | + | -in- | = sinebut |
| tulis | + | -in- | = tinulis |

Seselan -er- kadhang kala ewah dados -r-, tuladhanipun:

centhel + -er- = cerenthal → crenthel

kelip + -er- = kerelip → krelip

Seselan -el- kadhang kala ewah dados -l-, tuladhanipun:

titi + -el- = teliti → tliti

gebyar + -el- = gelebyar → glebyar

Panambang/ *sufiks/ akhiran* inggih menika wuwuhan ingkang dumunung sawingkinging lingga saha kaserat sumambung kaliyan lingganipun utawi kagandheng kaliyan tembung lingga. Panambang ing basa Jawi kadosta: -i, -a, -e, -en, -an, -ana, -ake.

tutup + -i = tutupi

tangi + -a = tangia

wajik + -e = wajike

cacing + -en = cacingen

joged + -an = jogedan

jawil + -na = jawilna

tulung + -ana = tulungana

srebet + -ane = srebetane

gawa + -ake = gawakake

Wuwuhan sesarengan (konfiks) inggih menika wuwuhan ingkang awujud ater-ater utawi seselan saha panambang ingkang kawuwuhaken ing tembung lingga kanthi sesarengan. Tuladhanipun :

ka + budaya + -an = kabudayan

| | | | | | |
|---------|---|---------|---|------|------------------------|
| ke- | + | cilik | + | -en | = keciliken |
| pa (A)- | + | wulang | + | -an | = pamulangan |
| pra- | + | desa | + | -an | = pradesan |
| m- | + | buwang | + | -i | = mbuwangi |
| ny- | + | silih | + | -ake | = nyilihake |
| -in- | + | tulis | + | -an | = tinulisan (ditulisi) |
| -um- | + | singkir | + | -a | = sumingkira |

3) Tembung Rangkep

Tembung rangkep utawi *reduplikasi* basa Jawi saged kabedakaken dados tiga inggih menika tembung rangkep wetah, tembung rangkep parsial, saha pangrangkeping tembung ingkang rinaketan wuwuhan (*berafiks*).

Tembung rangkep wetah kabedakaken dados dwilingga saha dwilingga salin swara. Dwilingga inggih menika tembung rangkep ingkang kadadosan saking pangrangkeping tembung lingga. Tuladha: pit-pit, abang-abang, bengok-bengok, udan-udan. Dene tembung dwilingga salin swara inggih menika kadadosan saking pangrangkeping tembung lingga kanthi ewah-ewahan vokal tembung lingga kalawau. Tuladanipun: sombat-sambet, mongan-mengen.

Tembung rangkep parsial ugi saged kabedakaken dados kalih inggih menika dwipurwa saha dwiwasana. Dwipurwa inggih menika tembung ingkang kadadosan saking pangrangkep purwaning lingga utawi pangrangkeping wanda kawitaning lingga. Tuladhanipun:

tuku → tutuku → tetuku

tamba → tatamba → tetamba
 resik → reresik

Dwiwasana inggih menika tembung ingkang kadadosan saking pangrangkepipun wanda wekasaning tembung lingga/ ngrangkep wasananing lingga. Tuladhanipun :

cengis → cengisngis → cengingis
 cekik → cekikkik → cekikik

Pangrangkeping tembung ingkang rinaketan wuwuhan (*berafiks*).

Tuladhanipun: jaran-jaranan, kesandhung-sandhung.

4) Tembung Camboran

Ingkang kawastanan tembung camboran/ *kata majemuk* inggih menika tembung kalih utawi langkung ingkang kagandheng dados satunggal, mujudakan tembung enggal ingkang nyebal saking teges sakawit.

Titikanipun tembung camboran inggih menika (a) kadadosan saking kalih tembung/ langkung, (b) mujudaken tembung enggal ingkang nyebal saking teges sakawit, (c) boten saged dipunseseli tembung menapa kemawon, (d) menawi rinaketan wuwuhan, tembung camburan mapan wonten ngajeng utawi wingking.

Tuladhanipun: randha royale.

Miturut wujudipun tembung-tembung ingkang ginandheng, tembung camboran dipunperang dados kalih ingkang menika tembung camboran wetah saha tembung camboran tugel.

(a) Camboran Wetah

Tembung camboran wetah inggih menika tembung camboran ingkang dumadi saking tembung-tembung ingkang taksih wetah. Tuladhanipun: gantung siwur, buntut urang, semar mendem, wedhus kacang, lan sapanunggalanipun.

(b) Camboran Tugel

Tembung camboran tugel inggih menika tembung camboran ingkang dumadi saking tembung ingkang taksih wetah saha tembung wancahan, utawi dumadi saking tembung wancahan lan wancahan. Tuladhanipun :

thukmis = bathuk klimis

pakdhe = bapak gedhe

b. Jinising Tembung

Miturut jinisipun tembung saged kaperang dados sedasa, inggih menika tembung aran, tembung kriya, tembung sifat, tembung katrangan, tembung sesulih, tembung wilangan, tembung panggandheng, tembung ancer-ancer, tembung panyilah, saha tembung panguwuh.

1) Tembung Aran

Tembung aran/ *kata benda/ nomina* inggih menika tembung ingkang mratelakaken namaning barang utawi menapa kemawon ingkang kaanggep barang. Titikanipun tembung aran inggih menika (a) saged sumambang kaliyan tembung dudu utawi ana, tuladhanipun: dudu kembang, ana kembang, (b) boten saged sumambang kaliyan tembung ora, (c) saged sumambung

kaliyan tembung kriya. Tuladhanipun: tukang ngendhang, ruang tunggu, (d) saged sumambung kaliyan sing + tembung kaanan. Tuladhanipun: bocah sing pinter, (e) saged sumambung kaliyan tembung sesulih pandarbe.

2) Tembung Kriya

Tembung kriya/ *kata kerja/ verba* inggih menika tembung ingkang mratelakken solah bawa utawi tandang damel. Titikanipun tembung kriya inggih menika (a) saged sumambung kaliyan tembung anggenipun, ora (boten), (b) tembung kriya saged sumambung kaliyan tembung dudu, (c) tembung kriya saged dados wasesa (*inti predikat*) ing ukara.

Tembung kriya kaperang dados kalih inggih menika tembung kriya tanduk saha tembung kriya tanggap. Tembung kriya tanduk (*kata kerja aktif*) inggih menika tembung kriya ingkang jejeripun (subjek) dados paraga (*pelaku*). Tembung kriya menika kadhapuk kanthi muuhaken ater-ater anuswara (m-, n-, ng-, ny-). Tuladhanipun: mlumpat, nyapu, lan sapanunggalanipun. Tembung kriya tanduk wonten kalih golongan:

(a) Tembung Kriya Tanduk Mawa Lesan

Tembung kriya tanduk mawa lesan (*kata kerja transitif*) inggih menika tembung kriya ingkang mbetahaken lesan (*objek*). Titikanipun tembung kriya tanduk mawa lesan antawisipun rinaketan ater-ater anuswara saha saged rinaketan ater-ater anuswara kaliyan panambang -i, -ake/ -ke. Tuladha mbalangi, nukokake.

(b) Tembung Kriya Tanduk Tanpa Lesan

Tembung kriya tanduk tanpa lesan (*kata kerja intransitif*) inggih menika tembung kriya ingkang boten mbetahaken lesan (*objek*). Tuladhanipun tembung mbledhos, tindak, turu, nangis, mertobat, adus.

Dene tembung kriya tanggap (*kata kerja pasif*) inggih menika tembung kriya ingkang jejeripun (*subjek*) dados sasaran (*penderita*). Titikanipun tembung kriya tanggap inggih menika saged rinaketan ater-ater ka-, ke-, -in, ater-ater tripurusa. Tuladhanipun: dakwenehi, dipunserat, lan sapanunggalanipun.

3) Tembung Kaanan

Tembung kaanan/ *kata sifat/ adjektif* inggih menika tembung ingkang mratelakake kaanan utawi watak sawijining barang utawi bab. Titikanipun tembung kaanan antawisipun: (a) saged rinaketan wuwuhan sesarengan (*konfiks*) ke- -en ‘*keterlaluan*’. Tuladha: kedhuwuren, ketipisen, (b) saged sumandhing kaliyan tembung luwih, rada, paling, banget, dhewe ‘*paling*’, (c) saged sumandhing kaliyan tembung aran. Tuladhanipun: bocah pintar, ugi (d) saged mratelakaken warni (abang, kuning), bentuk (rata, bunder, wungkuk), ukuran (cedhak, cilik, gedhe, sedhela), raos (swasaning manah= ayem, bungah, angel, saha raosing pancadriya= asin, panas).

4) Tembung Katrangan

Tembung katrangan/ *adverb/ kata keterangan* inggih menika tembung ingkang suka katrangan dhateng tembung kriya, kaanan, aran, saha wilangan. Tuladhanipun: dudu, padha, arep, pancen, badhe, paling, mung, boten,

sampun, saweg, luwih, banget, selak, semu, wae, ora, radi, saged, lan sapanunggalanipun.

5) Tembung Sesulih

Tembung sesulih/ *pronomina/ kata ganti* inggih menika tembung ingkang dipunginakaken minangka sesulihing tiyang, bab, barang utawi menapa kemawon ingkang kaanggep barang. Tembung sesulih saged kagolongaken dados tembung sesulih purusa, pandarbe, panuduh, pitaken.

(a) Tembung Sesulih Purusa

Tembung sesulih purusa/ *pronomina persona* inggih menika tembung minangka sesulihing tiyang. Tembung sesulih purusa kaperang dados tiga inggih menika: utama purusa (gegantosipun tiyang kapisan), tuladhanipun: kawula, ingsun, aku; madyama purusa (gegantosipun tiyang kaping kalih), tuladhanipun: sampeyan, panjenengan, kowe, sira; pratama purusa (gegantosipun tiyang kaping tiga), tuladhanipun: dheweke, piyambakipun, dheke.

(b) Tembung Sesulih Pandarbe

Tembung sesulih pandarbe/ *pronomina posesif* inggih menika tembung minangka sesulihing barang darbe. Tuladhanipun: -ku, -mu.

(c) Tembung Sesulih Panuduh

Tembung sesulih panuduh/ *promina demonstratif* inggih menika tembung ingkang nedahaken dununging barang/ nedahaken satunggaling bab. Tembung panuduh saged kabedakaken dados: panuduh barang/ *demonstratif substantif* (iki, kuwi, kae, menika), panuduh papan/

demonstratif Lokatif (kene, kana, kono, mrika), panuduh bab/ *demonstratif deskriptif* (ngene, ngono, ngana, mangkene, mekaten), panuduh wekdal/ *demonstratif temporal* (mengko, mangke, saiki, mau, semenika), panuduh ukuran/ *demonstratif dimensional* (samene, semono, semana, samenten).

(d) Tembung Sesulih Pitaken

Tembung sesulih pitaken/ *promina interrogatif* inggih menika tembung minangka sesulihing pitaken. Tuladhanipun: sapa, sinten, apa, sing endi, kepriye, kapan, pira, sepira.

6) Tembung Wilangan

Tembung wilangan/ *numeralia/ kata bilangan* inggih menika tembung ingkang mratelakaken gungguning barang. Titikanipun tembung wilangan inggih menika saged sumambung kaliyan tembung aran saha saged sumambung kaliyan tembung mbaka saha tembung ping/ kaping.

Tembung wilangan kaperang dados (a) tembung wilangan wetah, tuladhanipun siji, satus, nemlikur, (b) tembung wilangan susun/ *numeralia tingkat*, tuladhanipun: kapisan, kaping sepuluh, (c) tembung wilangan pecahan, tuladhanipun: telungprapat, siji telungprapat, saha (d) tembung wilangan sadhengah, inggih menika tembung wilangan ingkang dereng dipunmangertosi gunggunipun. Tuladhanipun: sethithik, saipit, sedaya, sajimpit.

7) Tembung Panggandheng

Tembung panggandheng/ *konjungsi/ kata sambung* inggih menika tembung ingkang kaginakaken kangee nggandheng tembung kaliyan

tembung, frase kaliyan frase utawi klausa kaliyan klausa, saha ukara kaliyan ukara. Tuladhanipun wusana, kanthi, mangka, nganti, umpama, nalika, jalaran, menawi, kejaba, karo, senajan, yaiku. Dene tuladha ukara ingkang ngginakaken tembung panggandheng inggih menika:

- (i) Aku lan adhiku lagi sinau.
- (ii) Aku kepingin tuku lemari lawang telu lan kaca rias ukir.
- (iii) Adhiku maca buku lan kakangku nulis layang.
- (iv) Adhiku ora tau gelem mangan lan ora gelem ngombe obat.

Akhire, wingi bengi adhiku digawa menyang dhokter.

8) Tembung Ancer-ancer

Ingkang kawastanan tembung ancer-ancer/ *preposisi/ kata depan* inggih menika tembung ingkang ginanipun kange ngancer-aceri papan utawi ngancer-aceri tembung aran. Tembung ancer-ancer menika titikanipun namung sumambung kaliyan tembung utawi frase. Tuladhanipun tembung ancer-ancer inggih menika marang, karo, nganggo, tumrap, wiwit, ing, karana, dumugi, nganggo, menyang, dumugi, karo, ing, karana, tumrap, wiwit, lan sapanunggalanipun.

9) Tembung Panyilah

Tembung panyilah/ *artikula/ kata sandang* inggih menika tembung ingkang kaginakaken kange nyilahaken/ mlige kaken satunggaling patrap, barang utawi salah satunggaling bab. Tuladhanipun: si, sang, sri, ingkang, sang hyang, para. Dene tuladhanipun ing ukara:

- (i) Sang Kancil bisa diapusi dening keyong.

(ii) Si Thuntheng gleyeh-gleyeh mlebu alas.

(iii) Para tamu kula aturi jumeneng sawetawis.

10) Tembung Panguwuuh

Tembung panguwuuh/ panyeru/ *interjeksi/ kata seru* inggih menika tembung ingkang saged nggambaraken wedharing raos remen, kaget, kuciwa, kagelan, sisah, gumun, lan sapanunggalanipun.

Tuladhanipun: hi, adhuh, e, wo, whu, here, adhuh, ha, lha, ah, o, wadhuh, yhe, adhuh biyung, sokur, harataya, gandrik, Gusti Allah, iyung, hem, hara, hus, lan sapanunggalanipun.

2. Widya Ukara

Widya ukara/ *sintaksis* ngrembag bab frasa, klausa, saha ukara ingkang satunggal lan satunggalanipun boten saged kapisahaken jalaran wonten sambet rapetipun.

a. Frasa/ Kelompok Tembung

Titikanipun frasa/ kelompok tembung inggih menika :

- (1) kadadosan saking kalih tembung/ langkung,
- (2) drajatipun dumuning ing antawasipun tembung saha klausa,
- (3) urut-urutanipun tembung boten kenging nglangkungi wasesa,
- (4) limrahipun kadadosan saking kalih perangan inggih menika perangan inti (perangan ingkang dipunterangaken) saha perangan atribut (perangan ingkang nerangaken).

Tuladhanipun frasa ingkang karaciki ing ukara:

Bocah loro sinau bebarengan ing perpustakaan.

Tuladha ukara menika kadadosan saking tigang perangan/ tigang frasa inggih menika :

Bocah loro sinau bebarengan ing perpustakaan.
J W K

Miturut pranataning ukara, frasa kaperang dados kalih, inggih menika frasa endosentris saha frasa eksosentris.

a) Frase Endosentris

Ingkang dipunwastani frasa endosentris inggih menika frasa ingkang salah satunggaling peranganipun saged nyulihi perangan sanesipun.
Tuladhanipun:

| | |
|--------------------------|--------------------------------|
| basa krama | theklek kayu jati |
| sekar Megatruh | Ngayogyakarta kutha pariwisata |
| Susilo Bambang Yudhoyono | presiden RI |

b) Frase Eksosentris

Frasa eksosentris inggih menika frasa ingkang salah satunggaling peranganipun boten saged nyulihi perangan sanesipun. Tuladhanipun:

| | | |
|-------------|-----------------|------------------|
| saka Sala | menyang Jakarta | nulis layang |
| jago kluruk | jaran kepang | ing perpustakaan |

Miturut jinisipun, frasa kaperang dados 7 (pitu) inggih menika frasa aran, frasa kriya, frasa kaanan, frasa wilangan, frasa katrangan, frasa sesulih, saha frasa ancer-ancer. Namaning frasa nedahaken bilih ingkang dados inti utawi bakuning frasa menika jinising tembung ingkang kapacak dados namaning frasa.

(1) Frasa Aran

Frasa aran utawi *frasa nomina* inggih menika frasa ingkang intinipun/ bakuning frasa awujud tembung aran.

| | | |
|----------------|-------------|-----------------|
| Tuladhanipun : | pitik jago | dudu buku |
| | keris cilik | godhong gedhang |

(2) Frasa Kriya

Frasa kriya utawi *frasa verba* inggih menika frasa ingkang intinipun/ bakuning frasa awujud tembung kriya.

| | |
|----------------|---------------|
| Tuladhanipun : | sampun rawuh |
| | lungguh maneh |

(3) Frasa Wilangan

Frasa wilangan utawi *frasa numeralia* inggih menika frasa ingkang intinipun/ bakuning frasa awujud tembung wilangan.

| | | |
|----------------|------------|-------------|
| Tuladhanipun : | rong puluh | loro wae |
| | telung iji | akeh banget |

(4) Frasa Kaanan (frasa adjektiva)

Frasa kaanan utawi *frasa adjektiva* inggih menika frasa ingkang intinipun/ bakuning frasa awujud tembung kaanan.

| | | |
|----------------|-------------|---------------|
| Tuladhanipun : | bagus tenan | kurang gedhe |
| | kudu sabar | seneng banget |

(5) Frasa Katrangan

Frasa katrangan utawi *frasa adverbia* inggih menika frasa ingkang intinipun/ bakuning frasa awujud tembung katrangan. Tembung-tebung

ingkang kadhapuk dados frasa katrangan menika sadaya awujud tembung katrangan. Tuladhanipun: ora mung, durung bisa, sesuk esuk, lan sapanunggalanipun.

(6) Frasa Sesulih

Frasa sesulih utawi *frasa pronomina* inggih menika frasa ingkang intinipun/ bakuning frasa awujud tembung sesulih. Tuladhanipun: kowe kabeh, mung kowe, sing iki, lan sapanunggalanipun.

(7) Frasa Aancer-ancer

Frasa cancer-ancer utawi *frasa preposisi (kata depan)* inggih menika frasa ingkang intinipun/ bakuning frasa awujud tembung cancer-ancer.

Tuladhanipun : saka pasar, kaya cacing, karo ibu guru

b. Klausia

Ingkang kawastanan klausia inggih menika rerangkening tembung ingkang ngemot sawijining gagasan/ bab. Ingkang dados titikanipun klausia inggih menika: (1) klausia kadadosan saking jejer lan wasesa saha (2) klausia saged madeg dados ukara. Tuladhanipun inggih menika:

bapak saha ibu badhe tindak
jejer wasesa

bapak saha ibu : frasa aran

badhe tindak : frasa kriya

Klausia adhedhasar jinising tembung saged kaperang dados sekawan inggih menika klausia nomina, klausia verba, klausia numeralia, saha klausia preposisi.

(1) Klaus Nomina

Klaus nomina inggih menika klaus ingkang wasesanipun ajinis tembung utawi frasa nomina/ aran.

Tuladha: dheweke guru

sing dituku wong kuwi sepedha

(2) Klaus Verba

Klaus verba inggih menika klaus ingkang wasesanipun ajinis tembung utawi frasa verba/ kriya.

Tuladha: adhiku lan kancane padha sinau

(3) Klaus Numeralia

Klaus numeralia inggih menika klaus ingkang wasesanipun ajinis tembung utawi frasa numeralia/ wilangan.

Tuladha: rodhane trek kuwi enim

(4) Klaus Aancer-ancer

Klaus aancer-ancer/ preposisi inggih menika klaus ingkang wasesanipun ajinis tembung utawi frasa aancer-ancer/ preposisi.

Tuladha: beras kuwi saka Delanggu

kredit kuwi kanggo bakul pasar

c. Ukara

Miturut Antonsuhono (1956: 7) ukara iku reroncening tembung sawatera, kang dadi wedharing gagasan manungsa, awujud katrangan, pitakon, panjaluk, utawa bab liyane maneh. Wonten ugi ingkang mastani bilih ukara inggih menika rerengkening tembung ingkang saged ngudharaken satungaling

kekajengan jangkep. Titikanipun ukara inggih menika (1) kadadosan saking satunggal klausa utawi langkung, (2) saged madeg piyambak, saha (3) ing basa sinerat kawiwitan aksara murda kapungkasan tandha titik, tandha, pakon, saha tandha pitaken. Tuladhanipun ukara inggih menika:

- (i) Bapak maos layang kabar.
- (ii) Menapa simbah sampun dhahar?
- (iii) Dhik, tangia !

Miturut fungsi ukara/ *fungsi sintaksis*, ukara kadadosan saking fungsi jejer (J), wasesa (W), lesan (L), geganep (Gg), saha katrangan (K). Tuladhanipun ukara: Bapak mundhutaken kalung ibu.

Ukara : Bapak mundhutaken kalung ibu, kadadosan saking :

| | |
|-------------|-----------|
| Bapak | : jejer |
| mundhutaken | : wasesa |
| kalung | : geganep |
| ibu | : lesan |

Tembung kalung minangka geganep amargi boten saged dados jejer ing ukara tanggap, inggih menika: kalung dipundhutake bapak. Dene tembung ibu minangka lesan amargi saged dados jejer ing ukara tanggap, inggih menika : Ibu dipundhutaken kalung bapak.

Pola ukara utawi cakrik ukara dhasar ing basa Jawi saha tuladhanipun saged dipuntingali ing tabel 1 ngandhap menika:

| Fungsi | J | W | L | Gg | K |
|------------|--------|-----------|--------------|-------------|-----------|
| J- W | Bapak | sare | - | - | - |
| J- W- L | Bapak | maos | layang kabar | - | - |
| J- W – Gg | Adhiku | nangis | - | sesenggukan | - |
| J- W – K | Rahmat | turu | - | - | ing amben |
| J- W- Gg | Rini | mbukakake | adhine | lawang | - |
| J- W- L- K | Ranto | tuku | buku | - | ing toko |

Tabel 1: Cakrik Ukara Dhasar Basa Jawa

1) Jejer

Jejer/ *subjek* inggih menika perangan ingkang dados bakuning ukara.

Miturut pranataning ukara, jejer menika limrahipun dumunung ing ngajeng. Ingkang saged dados jejer inggih menika tembung/ frasa aran, tembung/ frasa kriya, tembung/ frasa kaanan, tembung/ frasa wilangan, saha tembung/ frasa sesulih purusa. Tuladhanipun inggih menika.

(a) Jejer awujud tembung/ frasa aran

Tuladhanipun : Ibu maos layang kabar.

Sega gudheg murah regane.

(b) Jejer awujud tembung/ frasa kriya

Tuladhanipun : Sinau bisa gawe pinter,

Mulang ngaji kalebu ibadah.

(c) Jejer awujud tembung/ frasa kaanan

Tuladhanipun : Anggak bisa ngedohke memitran.

(d) Jejer awujud tembung/ frasa wilangan

Tuladhanipun : Panca tegese lima.

(e) Jejer awujud tembung/ frasa sesulih purusa

Tuladhanipun : Dheweke lagi sinau basa jawa.

Awake dhewe kudu menang !

2) Wasesa

Wasesa/ *predikat* inggih menika perangan ingkang dados inti ukara ingkang limrahipun dumunung ing sisih tengenipun jejer. Tembung/ frasa ingkang saged dados wasesa ing ukara inggih menika tembung/ frasa kriya, aran, wilangan, ancer-ancer.

(a) Wasesa awujud tembung/ frasa kriya

Tuladhanipun : Rahmat ngadusi sapi.

(b) Wasesa awujud tembung/ frasa aran

Tuladhanipun : Bu Rini dhokter puskesmas.

(c) Wasesa awujud tembung/ frasa wilangan

Tuladhanipun : Sapine Rahmat telulas.

(d) Wasesa awujud tembung/ frasa ancer-ancer

Tuladhanipun : Rahmat saking Magelang.

3) Lesan

Lesan/ *objek* limrahipun wonten ing ukara tanduk (*kalimat aktif*).

Lesan menika perangan ingkang gumantung wasesaning ukara. Titikanipun lesan inggih menika dumunung ing sisih tengenipun wasesa, saged dados jejer menawi dipunewahi dados ukara tanggap, boten saged sineselan perangan (*fungsi*) sanesipun (*preposisi*). Tuladhanipun:

(i) Simbah putri dhahar kolak.

(ii) Bapak mundhutaken ibu kalung.

4) Geganep

Geganep utawi *pelengkap* inggih menika peranganing ukara kange njangkepi wasesa, dene titikanipun boten saged dados jejer ing ukara tanggap.

Tuladhanipun:

- (i) Rini nukokake klambi adhine.
- (ii) Rahmat nangis sesenggukan.

5) Katrangan

Titikanipun katrangan inggih menika limrahipun boten dados intining ukara, dunungipun mardika (saged ing ngajeng, tengah utawi ing pungkasan).

Jinising katrangan inggih menika:

(a) katrangan wekdal (*waktu*)

tuladhanipun : Enjing wau ibu tindak pasar.

(a) katrangan pangganen/ papan (*tempat*), katitik saking tembung

ancer-ancer ana, ing, neng, menyang. Tuladhanipun :

Rini mangsak lodheh ing pawon.

(b) katrangan cara, mratelakaken cara/ kados pundi tandang

damelipun wasesa.

Tuladhanipun : Kan thi runtut pak lurah nerangake bab pemilu.

(d) katrangan piranti (alat)

Tuladhanipun : Rahmat ngedhuk lemah nganggo pacul.

(e) katrangan sebab

Tuladhanipun : Rahmat ora mungguh amarga ora tau sinau.

(f) katrangan ancas (*tujuan*)

Tuladhanipun : Simbah putri dipundhutake tivi kanggo hiburan.

(g) katrangan akibat

Tuladhanipun : Rahmat ora tau gelem mangan, dadi awake garing.

Jinising ukara miturut tumindaking jejer kaperang dados kalih, inggih menika ukara tanduk saha ukara tanggap.

1) Ukara Tanduk

Ingkang kawastanan ukara tanduk/ *kalimat aktif* inggih menika ukara ingkang wasesanipun awujud tembung kriya tanduk. Tembung kriya ingkang dados wasesa ing ukara tanduk limrahipun rinaketan ater-ater anuswara (m-, n-, ng-, ny-) utawi ater-ater anuswara lan panambang -i/ -ake. Jejer ing ukara tanduk limrahipun nindakaken pakaryan utawi dados paraga.

Ukara tanduk kaperang dados kalih inggih menika: (a) ukara tanduk mawa lesan, tuladhanipun: Adhiku maca buku basa jawa, (b) ukara tanduk tanpa lesan, tuladhanipun : Bebeke ngendhog.

2) Ukara Tanggap

Ukara tanggap/ *kalimat pasif* inggih menika ukara ingkang wasesanipun awujud tembung kriya tanggap. Wasesa ing ukara tanggap migunakaken tembung kriya ingkang rinaketan ater-ater dak-, di-, ka-.

Tuladhanipun :

(i) Layang iki katulis dening kakangku.
J W L

(ii) Rotimu dakpangan mau bengi.
J W K

Miturut cacahing klaus, ukara saged kabedakaken dados kalih inggih menika ukara lamba saha ukara camboran.

a) Ukara Lamba

Ukara lamba/ *kalimat sederhana* inggih menika ukara ingkang kadadosan saking satunggal klaus.Tuladhanipun : Eyang ngunjuk jampi beras kencur.

b) Ukara Camboran

Ingkang kawastanan ukara camboran/ *kalimat majemuk* inggih menika ukara ingkang kadadosan saking kalih klaus utawi langkung.

Tuladhanipun:

Bapak kondur nalika ibu mangsak neng pawon.

Ukara camboran kabedakaken dados kalih inggih menika ukara camboran sejajar saha ukara camboran susun.

(1) Ukara Camboran Sejajar

Ukara camboran sejajar/ majemuk setara titikanipun inggih menika (a) kadadosan saking klaus-klaus ingkang sajajar.

Klaus satunggal boten dados peranganing klaus sanesipun, saengga saged madeg dados ukara piyambak, (b) migunakaken tembung panggandeng lan sarta , nanging, dening, banjur, terus, utawa, malah, nuli, lajeng, tur, saha. Tuladhanipun :

- (i) Aku ngrajang bumbu dene mbakyuku methiki kangkung.
- (ii) Bapak mipili jagung lan ibu nglumpukake pipilane.

(2) Ukara Camboran Susun

Ukara camboran susun/ *kalimat majemuk bertingkat* titikanipun: (a) klausa satunggal minangka peranganing klausa sanesipun, utawi kadadosan saking klausa inti lan klausa pang (*induk dan anak kalimat*), (b) migunakaken tembung panggandeng akibate, mula, saengga, nganti, sinambi, karo, kanthi, menawa, yen, kaya-kaya, genah, yakuwi, umpama, karana. Tuladhanipun :

- (i) Supaya manganmu akeh, kowe taktukokake gule.
- (ii) Rahmat ora bisa turu amarga dheweke kuwatir yen bandhane dicolong uwong.
- (iii) Bapak badhe numbasake adhiku sepeda menawa dheweke munggah kelas enim.

Miturut suraosipun ukara ing basa Jawi kepareng dados gangsal inggih menika ukara cariyos, ukara pakon, ukara pitaken, ukara sambawa, saha ukara sananta.

a) Ukara Cariyos

Ukara cariyos/ *kalimat berita* inggih menika ukara ingkang nyariosaken utawi ngandharaken satunggaling bab/ prastawa. Tuladhanipun :

Bocah-bocah pada seneng nonton jathilan Ponorogo.

b) Ukara Pakon/ kalimat perintah

Ukara pakon/ *kalimat perintah* inggih menika ukara ingkang nyuraosaken paken katujokaken dhateng tiyang sanes supados nindakaken satunggaling bab/ pakaryan, tuladhanipun :

Roni, enggal digarap PRmu!

c) Ukara Pitaken

Ukara pitaken/ *kalimat tanya* inggih menika ukara ingkang isinipun awujud pitakenan, tuladhanipun :

Bapak badhe tindak jam pinten?

d) Ukara Sambawa

Ukara sambawa inggih menika ukara ingkang isinipun awujud pangarep-arep, saumpama utawi sanajan. Ukara menika limrahipun migunakaken tembung kriya ingkang kawuwuhan panambang -a, -ana, -na. Tuladhanipun:

- (i) Sugiha aku wis tuku omah tingkat.
- (ii) Mangkata mau-mau aku mesthi ora telat kuliah.
- (iii) Udana ya kareben aku ora nyirami kembang.

e) Ukara Sananta

Ingkang kawastanan ukara sananta inggih menika ukara ingkang isinipun niyat, kajeng, utawi sedya awakipun piyambak saha dereng kalampahan. Tuladhanipun :

- (i) Cathetanmu taksilihe dhisik, ya?
- (ii) Benjing kula badhe sinau ing Australia.

3. Widya Makna

Widya makna utawi saged dipunsebat *semantik* kalebet peranganing ilmu basa ingkang ngrembag bab teges. Ingkang karembag wonten ing widya makna inggih menika sinonim, antonim, homonim, saha hiponim.

a) Sinonim

Ingkang kawastanan sinonim inggih menika tembung ingkang wujud saha seratinipun beda, nanging nggadhahi teges sami utawa meh sami. Sinonim ugi dipunsebat dasanama (dasa tegesipun sepuluh/ akeh, nama tegesipun aran, jeneng). Tuladhanipun :

- (i) Pak Rahmat saha bu Lastri menika tiyang sepuh kula.
- (ii) Pak Rahmat saha bu Lastri menika bapak lan ibu kula.

Tuladhanipun dasanama:

anak = atmaja, putra, siwi, sunu, ruta, yoga.

angin = bajra, bayu, maruta, pawana, samirana, sindung riwut.

bumi = bantala, bawana, buana, basundara, jagad, mandhala,

pratala, pratiwi, siti, kisma.

gunung= aldaka, ancala, arga, ardi, giri, himawan, meru, parwata,

prabata, wukir.

b) Antonim

Antonim inggih menika tembung ingkang tegesipun lelawanan utawi walikan kaliyan tembung sanesipun. Tuladhanipun:

andhap asor >< murang tata

crah >< rukun

| | | |
|-----------|----|---------|
| duwur | >< | cendhak |
| dawa | >< | cendhak |
| pungkasan | >< | wiwitan |
| sengsara | >< | mulya |
| suda | >< | tambah |
| lantip | >< | bodho |

c) Homonim

Homonim inggih menika tembung ingkang sami pocapanipun saha panyeratanipun nanging tegesipun beda. Homonim saged kaperang dados kalih inggih menika homofon lan homograf. Homofon inggih menika tembung ingkang pocapanipun sami nanging seratan saha tegesipun beda. Tuladhanipun :

- (i) Adhimu parabane sapa?
- (ii) Gek diparap supaya entuk ijol dhuwit !

Tembung parab (i) tegesipun 'aran' utawi 'jeneng', dene tembung parap (ii) tegesipun 'tapak asma'.

Homograf inggih menika tembung ingkang seratanipun sami nanging pocapanipun saha tegesipun beda. Tuladhanipun :

- (i) Simbah ngasta teken.
- (ii) Rapotku wis diteken dening ibu.

teken → [təkən] 'tongkat'

[təkən] ' tapakasma'

| | | |
|--------|---|-----------------------|
| kendel | → | [kəndəl] ‘wani’ |
| | | [kəndəl] ‘mandheg’ |
| cemeng | → | [cəməŋ] ‘ireng’ |
| | | [cəməŋ] ‘anak kucing’ |

d) Hiponim

inggih menika tembung ingkang tegesipun kaangegep dados peranganipun tembung sanesipun. Tuladhanipun tembung warna minangka superordinat saking tembung abang, putih, ijo, biru, kuning, dene tembung abang, putih, ijo, biru, kuning minangka hiponim saking tembung warna.

C. Cak-cakanipun Mulangaken Materi Tata Basa ing Sekolah Dasar

Materi tata basa ing Sekolah Dasar dipunandharaken saking tataran ingkang prasaja inggih menika tembung, frasa, klausa, saha ukara ingkang prasaja/ *sederhana*/ ukara lamba dumugi ukara camboran. Magepokan ugi kados pundi anggenipun nglisanaken saha panyeratanipun. Gladhen bab tata basa ugi kedah katindakaken dening para siswa saking wujud ingkang prasaja rumiyin, ugi caranipun nglisanaken dumugi panyeratanipun.

D. Gladhen

1. Kaandharna menapa ingkang dipunwastani tembung lingga, tembung andhahan, tembung rangkep, tembung camboran(kasebatna tuladhanipun)!
2. Kaandharna tembung basa Jawi miturut jinisipun saha kasebutna tuladhanipun!

3. Menapa ingkang kawastanan frasa, menapa titikanipun, katerangna wujudipun, saha kasebatna tuladhanipun!
4. Katerangna bedanipun ukara lamba saha ukara camboran, kados pundi tuladhanipun?
5. Kaandharna (saha kasebatna tuladhanipun) menapa ingkang dipunwastani:
 - a. sinonim
 - b. antonim
 - c. homonim
 - d. hiponim

E. Kapustakan

Sasangka, Sry Satriya Tjatur Wisnu. 2001. Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa. Jakarta: Yayasan Paramalingua.

Sutrisna Wibawa, dkk. 2004. *Buku Pegangan Kuliah Mata pelajaran Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Fakultas Ilmu Pendidikan UNY.

Wedhawati, dkk. 2001. Tata Bahasa Jawa Mutakhir. Jakarta: Departemen Pendidikan Nasional.

PERANGAN II

UNGGAH-UNGGUH BASA JAWI

A. Ancasipun Wulangan Unggah-ungguh Basa Jawi

Ancasipun wulangan unggah-ungguh basa Jawi menika, mahasiswa dipunajab saged:

1. mbedakaken tembung/ leksikon ngoko, madya, krama, krama inggil, krama andhap, saha netral,
2. ngronce ukara ragam ngoko saha ragam krama,
3. ngronce ukara kangge wawan ginem kaliyan tiyang sanes kanthi sae lan leres,
4. mulangaken unggah-ungguh basa Jawi dhateng siswa-siswa sekolah dasar.

B. Andharan Wulangan Unggah-ungguh Basa Jawi

Ukara menika saged dipunsebat ragam ngoko utawi krama, sajatosipun gumantung kaliyan pamilah saha pamilihing tembung utawi *kosakata/ leksikon* ingkang karonce ing ukara kanthi trep. Wonten ing ngandhap menika badhe kaandharaken leksikon-leksikon ingkang karonce ing ukara saha unggah-ungguh basa utawi undha usuk basa ingkang awujud ragam basa ngoko saha basa krama.

1. Leksikon-leksikon Basa Jawi

Leksikon basa Jawi saged kaperang dados nem, inggih menika leksikon ngoko, madya, krama, krama inggil, krama andhap, saha netral. Leksikon-leksikon kala wau badhe kaandharaken kados ing ngandhap menika.

a. Leksikon Ngoko

Leksikon utawi tembung ngoko minangka dhasar utawi bakuning sedaya leksikon, inggih menika leksikon madya, krama, krama andhap, krama inggil. Titikanipun leksikon ngoko inggih menika:

- 1) leksikon ngoko saged dipunginakaken dening paraga kapisan (O1), paraga kapindho (O2), saha paraga katelu (O3),
- 2) leksikon ngoko ugi gadhah wujud sanes wonten ing leksikon krama, madya, krama inggil, saha krama andhap,
- 3) menawi leksikon ngoko ingkang boten gadhah wujud ing leksikon krama, madya, krama inggil, utawi krama andhap, pramila leksikon menika kagolong leksikon netral.

Tuladha leksikon ngoko ingkang karonce ing ukara.

- (i) Aku arep mangan pelem.
- (ii) Kowe arep mangan pelem?
- (iii) Dheweke arep mangan pelem.

Tuladha leksikon ngoko ingkang nggadhahi wujud leksikon sanesipun.

| Leksikon | | | | |
|-----------------|--------------|--------------|---------------------|---------------------|
| Ngoko | Madya | Krama | Krama Inggil | Krama Andhap |
| abang | - | abrit | - | - |
| arep | ajeng | badhe | - | - |
| lunga | - | kesah | tindak | - |
| aweh | - | Suka | atur | paring |

Tabel 2

b. Leksikon Madya

Leksikon madya minangka wujud saking leksikon krama ingkang kirang alus. Titikanipun leksikon madya inggih menika: (1) gunggungipun leksikon madya kirang langkung 54 leksikon, (2) dipunginakaken dening paraga kapisan utawi O1, O2, saha O3, (3) leksikon madya gadhah wujud ing leksikon ngoko saha leksikon krama, nanging boten sedaya wujud ngoko gadhah wujud sanes wonten ing leksikon madya, (4) leksikon madya saged kadadosan saking wujud wancah saking tembung krama.

Tuladha leksikon madya ingkang karonce ing ukara.

- (i) Kula ajeng teng Magelang, sampeyan ajeng teng pundi?
- (ii) Samang ajeng teng Magelang napa teng Sala?
- (iii) Piyambake ajeng teng Magelang napa teng Sala?

Sedaya leksikon madya gadhah wujud ing leksikon ngoko saha leksikon krama nanging boten saben wujud leksikon ngoko gadhah wujud leksikon madya. Tuladhanipun saged dipuntingali ing tabel 3 saha 4 ngandhap menika.

| Leksikon | | |
|----------|-------|---------|
| Ngoko | Madya | Krama |
| abang | - | abrit |
| gedhe | - | Ageng |
| percaya | - | pitados |

Tabel 3

| Leksikon | | |
|-----------------|--------------|--------------|
| Madya | Ngoko | Krama |
| empun | Uwis | sampun |
| onten | Ana | wonten |
| ajeng | Arep | badhe |
| teng | menyang | dhateng |

Tabel 4

Wujud leksikon madya saged kaperang dados kalih, inggih menika.

- (1) Leksikon madya awujud wancahan (pemendekan/ abreviasi) saking leksikon krama.

| Leksikon | |
|-----------------|--------------|
| Krama | Madya |
| Sampun | ampun/ empun |
| Mangga | engga |
| Dumugi | dugi |
| Saking | king |
| Kemawon | mawon |
| Menapa | napa |
| Menika | nika |
| Kangge | ngge |
| Panggenan | nggen |
| Rumiyin | riyin |

Tabel 5

- (2) leksikon madya ingkang boten awujud wancahan saking leksikon krama, tuladhanipun: tumut, ajeng, kajenge, caket, kiyambak, sakniki, sampeyan, pripun, melih, mengke, seking, turene, lan sapanunggalanipun.

c. Leksikon Krama

Leksikon krama minangka wujud alus saking leksikon ngoko. Titikanipun inggih menika: (1) saged dipunginakaken dening O1, O2, saha O3, (2) leksikon krama gadhah wujud ing leksikon ngoko, (3) leksikon krama wonten ingkang wujudipun beda sanget kaliyan wujud ngokonipun, wonten ugi leksikon krama ingkang wujudipun minangka ewah-ewahanipun saking leksikon ngoko, (4) leksikon krama dipunginakaken kangge wawan gineman: dereng tepang kaliyan tiyang ingkang dipunajak gineman, supados tiyang ingkang dipunajak gineman ugi ngginakaken wujud krama, rumaos ewuh/ pakewuh dhumateng tiyang ingkang dipunajak gineman, saha nedahaken bilih pamicara mangertos unggah-ungguh.

Tuladha leksikon krama ingkang karonce ing ukara:

- (i) Kula badhe dhateng Magelang.
- (ii) Panjenengan badhe dhateng Magelang?
- (iii) Piyambakipun badhe dhateng Magelang?

Tuladha leksikon krama ingkang wujudipun beda sanget kaliyan wujud ngokonipun saged dipuntingali ing tabel 6 ngandhap menika.

| Leksikon | |
|-----------------|--------------|
| Krama | Ngoko |
| Ageng | gedhe |
| Alit | cilik |
| Cemeng | ireng |
| Dalu | bengi |
| Gesang | urip |

Tabel 6

Tuladha leksikon krama ingkang wujudipun minangka ewah-ewahanipun saking leksikon ngoko:

| Leksikon | |
|-----------------|--------------|
| Krama | Ngoko |
| Amargi | amarga |
| Cekap | cukup |
| Cobi | coba |
| Batos | batin |
| Betah | butuh |
| Ebah | obah |

Tabel 7

d. Leksikon Krama Inggil

Leksikon krama inggil titikanipun inggih menika:

- 1) dipunginakaken kangge pakurmatan saha nginggilaken tiyang ingkang dipunajak gineman,
- 2) naming dipunginakaken kangge tiyang ingkang dipunajak gineman O2 utawi O3,

- 3) menawi leksikon krama inggil boten gadhah wujud ing tembung krama andhap, tiyang ingkang gineman saged ngginakaken tembung krama utawi ngoko.

Tuladha leksikon krama inggil ingkang karonce ing ukara:

(i) Panjenengan menapa badhe tindak dhateng Magelang?

(ii) Piyambakipun menapa badhe tindak dhateng Magelang?

Leksikon krama inggil wonten ingkang gadhah wujud ing leksikon krama asaha ngoko, nanging wonten ugi ingkang naming gadhah wujud ing leksikon ngoko kemawon. Tuladhanipun ing tabel 8, inggih menika.

| Leksikon | | |
|---------------------|--------------|--------------|
| Krama Inggil | Krama | Ngoko |
| dalem | griya | omah |
| dhahar | nedha | mangan |
| rawuh | dumugi | teka |
| kondur | wangsul | mulih |

Tabel 8

Tuladha leksikon krama inggil ingkang naming gadhah wujud ing leksikon ngoko, inggih menika:

| Leksikon | | |
|---------------------|--------------|--------------|
| Krama Inggil | Krama | Ngoko |
| asta | - | tangan |
| babaran | - | bayen |
| rikma | - | rambut |

Tabel 9

Tuladha leksikon krama inggil ingkang karonce ing ukara:

- (i) Pak lurah badhe kula aturi buku menika.
- (ii) Pak lurah badhe panjenengan aturi buku menika?
- (iii) Pak lurah badhe kula caosi buku menika.

e. Leksikon Krama Andhap

Leksikon krama andhap titikanipun inggih menika: (1) leksikon krama andhap naming saged dipunginakaken kangge tiyang ingkang gineman, boten saged dipunginakaken kangge O2 lan O3, (2) leksikon krama andhap gunggungipun kirang langkung naming 6, inggih menika: paring, matur, dherek, sowan, marak, suwun.

Tuladha leksikon krama andhap ingkang karonce ing ukara:

- (i) Mangke kula kemawon ingkang sowan Pak Suparman.
- (ii) Buku iki wis diparingake bapak marang aku.
- (iii) Bapak wau marangi mas Jono, arta.
- (iv) Pak Sastra, paringanipun dhestar sampun kula tampi.

Tuladha ukara ingkang boten leres pamilihanipun leksikon :

- (i) Kula wau dipunaturi/ dipuncaosi Pak Dulah, kurma.
- (ii) Simbah yen diparingi jarit iki kersa ora ya?

Tuladha leksikon krama andhap ingkang gadhah wujud ing leksikon krama inggil saged dipuntingali ing tabel 10, ngandhap menika.

| Leksikon | |
|---------------------|---------------------|
| Krama Andhap | Krama Inggil |
| paring | atur/ caos |
| sowan | rawuh |
| matur | ngendika |
| suwun | ngersakaken |
| marak | rawuh |

Tabel 10

f. Leksikon Netral

Titikanipun leksikon netral inggih menika (1) leksikon netral minangka leksikon ingkang boten saged dipunpadosi wujud madya, krama, krama inggil, krama andhap, saha ngokonipun, (2) saged dipunginakaken dening tiyang ingkang gineman (O1, O2, O3). Tuladhanipun leksikon netral inggih menika: cendhela, sapu, radio, tv, pelem, coro, lan sapanunggalanipun.

2. Unggah-ungguh Basa Jawi

Unggah-ungguh basa utawi undha usuk basa ingkang ugi saged dipunwastani tingkat tutur basa Jawi, kaperang dados kalih tataran, inggih menika basa ngoko saha basa krama. Menawi wonten wujud unggah-ungguh ingkang sanesipun saged dipunsebat minangka *varian* saking basa ngoko utawi krama.

a. Basa Ngoko

Ingkang kawastanan basa ngoko, inggih menika wujuding unggah-ungguh basa Jawi kanthi ngginakaken tembung ngoko. Mekaten ugi ater-ater, seselan, saha panambangipun inggih ngoko (tuladhanipun: wuwuhan di-, -e, saha -ake). Ragam ngoko menika kangge gineman antawisipun tiyang sepuh

dhateng tiyang anem utawi tiyang ingkang kalenggahanipun inggil dhateng tiyang ingkang kalenggahanipun sangandhapipun. Ragam ngoko ugi dipunginakaken dening tiyang ingkang raket sanget pasrawunganipun. Ragam ngoko wonten warni kalih, inggih menika (1) ngoko lugu tuwin (2) ngoko alus.

(1) Ngoko Lugu

Ragam ngoko lugu inggih menika wujud unggah-ungguhing basa Jawi ingkang sedaya tembung-tembungipun ing ukara ngginakaken ngoko, boten ngginakaken tembung krama lugu utawi krama alus. Tembung-tembung ngoko kala wau dipuntrepaken dhateng ingkang gineman (O1), ingkang dipunajak gineman (O2), utawi ingkang dipunrembag (O3).

Tuladhanipun:

- (i) Aku wis mangan. (O1)
- (ii) Kowe wis mangan? (O2)
- (iii) Dheweke wis mangan. (O3)

Tembung mangan wonten ing ukara-ukara kala wau saged dipunginakaken dening sesulih aku, kowe, saha dheweke. Tuladha panganggenipun ater-ater, seselan, tuwin panambang ngoko wonten ing ukara.

- (i) Saiki Dhusun Ponggok wis ngrasakake padhange lampu listrik.
- (ii) Bukune wis diwaca adhiku wingi sore.
- (iii) Kanca-kancaku wis padha mulih kabeh.

(2) Ngoko Alus

Ngoko alus inggih menika unggah-ungguhing basa Jawi ingkang pangroncening ukara boten naming ngginakaken tembung-tembung ngoko kemawon, nanging ugi ngginakaken tembung krama utawi krama alus. Nanging tembung krama utawi krama alus kala wau naming dipunginakaken kangge pakurmatan tiyang ingkang dipunajak gineman (O2) utawi ingkang dipunrembag (O3). Tuladhanipun:

- (i) Dhuwite mau wis diasta apa durung, Mas?
- (ii) Sing ireng manis kae garwane Pak Rahmat.
- (iii) Kae simbah kakung lagi sare ing kamar.

Tuladha ukara ing nginggil, sanajan ngginakaken tembung krama, krama lugu, tuwin krama inggil nanging underanipun menika kalebet ragam ngoko inggih menika ngoko alus. Wuwuhan ingkang dipunginakaken wonten ing ragam ngoko alus (ingkang rinaket ing tembung krama inggil utawi krama lugu) taksih sami kaliyan wuwuhan ing ragam ngoko, inggih menika di-, -e, -ake, saha -ne. Tuladha kados ing nginggil (i) Dhuwite mau wis diasta apa durung, Mas? Wonten ing ukara menika, tiyang ingkang dipunajak gineman (Mas), langkung sepuh, dipunaosi kanthi ngginakaken tembung krama alus asta.

b. Basa Krama

Ragam krama inggih menika unggah-ungguhing basa Jawi ingkang ngginakaken tembung krama kangge wawab pangandikan. Wuwuhan ingkang dipunginakaken wonten ing ragam krama, inggih menika dipun-, -ipun, saha -

aken. Ragam krama dipunginakaken kangge tiyang ingkang boten raket pasrawunganipun utawi tiyang anem dhateng tiyang ingkang langkung sepuh utawi tiyang ingkang kalenggahanipun andhap dhatenng tiyang ingkang kalenggahanipun langkung inggil.

Ragam krama saged kaperang dados kkalih inggih menika (a) krama lugu tuwin (b) krama alus.

(1) Krama Lugu

Ragam krama lugu ugi kawastanan ragam madya. Tembung-tembung ingkang karonce wonten ing ukara, saged kadadosan saking tembung krama dipuncampur kaliyan ngoko, madya, krama, tuwin krama alus. Ingkang baku saha dados intining ragam krama lugu inggih menika tembung-tembung krama, madya, dene tembung krama inggil utawi krama andhap kangge pakurmatan tiyang ingkang dipunajak gineman.

Tuladhanipun:

- (i) Sakniki nek boten main plesetan, tiyang sami kesed nonton kethoprak.
- (ii) Mangga Yu, niku nyamikane ditedha, ampun dikendelke mawon.

Wuwuhan ragam krama lugu kadadosan saking wuwuhan ngoko, dene tembung-tembung kramanipun kathah ingkang dipunwancah. Tembung-tembung krama alus ing ukara minangka pakurmatan dhumateng tiyang ingkang dipunajak gineman. Ragam krama lugu menika saestunipun sami kaliyan ragam madya jalaran boten kapiренng alus menawi kangge wawan gineman. Wuwuhan (afiks) ing ragam krama

menika ngginakaken wuwuhan ngoko. Wuwuhan ngoko inggih menika di-, -e, -ake, ugi klitik mang. Tuladhanipun:

- (i) Mas, tulung gawan kula niki mangandhapke riyin.
- (ii) Bank BRI niku boten saged nglintoni arta dolar.

(2) Krama Alus

Ragam krama alus inggih menika unggah-ungguh ing basa Jawi ingkang sedaya tembungipun krama utawi krama inggil. Wuwuhan nggonakaken ragam krama (dipun-, -ipun, saha –aken). Tembung-tebung madya saha ngoko boten dipunginakaken ing ragam krama alus menika. Tembung-tebung krama inggil utawi krama andhap dipunginakaken kangge pakurmatan dhumateng tiyang ingkang dipunajak gineman. Tuladhanipun:

- (i) Tembung-tebung menika anggen kula ngempalaken piyambak saking buku.
- (ii) Sarana pitulunganipun Gusti Allah, Nabi Musa saged wilujeng.

C. Cak-cakanipun Mulangaken Materi Unggah-ungguh Basa ing Sekolah Dasar

Prayoginipun menawi mulangaken unggah-ungguh basa Jawi dhumateng siswa SD kedah dipunjumbuhaken kaliyan tataran kelas-ipun. Kangge siswa kelas *rendah* ingkang dereng trampil maos, pramila prayoginipun wulangan kanthi lisan. Tuladhanipun kadhapuk mawi pagineman, kadosta wawan rembag antawisipun guru kaliyan siswa utawi tiyang sepuh kaliyan lare (siswa). Kajawi menika saged ugi sarana dolanan/ *permainan bahasa* mawi kartu-kartu tembung

(*kartu-kartu kata*), lelagon (tembang-tembang dolanan). Mekaten ugi bab gladhen saha evaluasi dipundamel prasaja kemawon.

Mulangaken unggah-ungguh basa Jawi kangge kelas *tinggi*, kajawi kanthi lisan ugi kaparingaken kanthi sarana seratan utawi waosan. Gladhen-gladhen utawi latihan unggah-ungguh basa ingkang sayektos saha dipunjumbuhaken kaliyan kawontenan ing sakiwa tengenipun para siswa, saged ngindhakaken raos basanipun siswa, saengga saged dados pakulinan tuwin kasalira ing tindak-tanduk saha budi pekerti ing pasrawungan saben dintenipun.

D. Gladhen

1. Kadospundi bedanipun leksikon ngoko, madya, krama, krama andhap, krama inggil, netral, saha kasebatna tuladhanipun?
2. Kadamelna tuladha ukara-ukara kange wawan ginem kalyan tiyang sanes kanthi sae lan leres!
3. Kadospundi cak-cakipun mulangaken unggah-ungguh basa dhateng siswa sekolah dasar?

E. Kapustakan

Sasangka, Sry Satriya Tjatur Wisnu. 2004. *Unggah-ungguh Bahasa Jawa*. Jakarta: Yayasan Paramalingua.

Sutrisna Wibawa, dkk. 2004. *Buku Pegangan Kuliah Mata pelajaran Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Fakultas Ilmu Pendidikan UNY.

Suwadji. 1994. *Ngoko lan Krama*. Yogyakarta: Yayasan Pustaka Nusatama.

PERANGAN III AKSARA JAWA

A. Ancasipun Wulangan Aksara Jawa

Ancasipun wulangan aksara Jawa inggih menika:

1. mahasiswa saged nyerat tembung-tembung, ukara, saha wacana mawi aksara Jawa,
2. mahasiswa saged maos tembung-tembung, ukara, saha wacana ingkang kaserat mawi aksara Jawa,

B. Andharan Wulangan Aksara Jawa

Aksara Jawa menika wonten 20, ugi kawastanan aksara legena utawi dentawyanjana. Saben aksara legena wonten pasanganipun ingkang ginanipun kangge nyambung wanda sigeg utawi wanda ingkang mati kaliyan wanda candhakipun.

1. Aksara Jawa Legena

| Nama Aksara | Wujud Aksara | Pasangan | Tuladha |
|--------------------|---------------------|-----------------|----------------------|
| ha | • |■ | wit asem |
| na | । |■..... | golek nanas |
| Nama | Wujud Aksara | Pasangan | Tuladha |

| Aksara | | | |
|-------------|--------------|-------------|-----------------------|
| ca | . |●..... | kancil |
| ra | ; |~..... | kamit raup |
| ka | ꝝ |■..... | ayam kate |
| da | • |■..... | dandan |
| ta | • |•..... | arep tangi |
| sa | . |○..... | mangan salak |
| wa | ▪ |•..... | arep wisuh |
| la | ★ |■..... | ulam lele |
| pa | ◎ |●..... | gupak pulut |
| Nama Aksara | Wujud Aksara | Pasangan | Tuladha |
| dha | — |+..... | sandhal |
| ja | ◦ |~..... | punjul |

| | | | |
|-----|---|-------------|-----------------------|
| | | | |
| ya | . |@..... | golek yuyu |
| nya | * |◎ | gelem nyuguh |
| ma | . |■..... | jalma |
| ga | . |■..... | manuk gagak |
| ba | * |■..... | gambas |
| tha | ◎ |■..... | kanthil |
| nga | * |●..... | maryam ngaji |

2. Sandhangan

Ingkang kawastanan sandhangan inggih menika tetenger kangege ngewahi utawi muwuhi swantening aksara utawi pasangan. Sandhangan aksara Jawa saged kaperang dados kalih inggih menika (a) sandhangan swara saha (b) sandhangan panyigeging wanda.

a. Sandhangan Swara

| Nama | Wujud | Swanten | Tuladha |
|------|-------------|---------|-----------|
| wulu |@..... | i | biji siji |

| | | | |
|---------------|-------------------------|---|----------------------|
| | | | |
| suku | | u | dudu untu |
| taling | | e | mrene dhewe |
| taling tarung | | o | coro loro |
| pepet | ^ö | ê | sega pera |

b. Sandhangan Panyigeging Wanda

| Nama | Wujud | Swanten | Tuladha |
|---------|--------------------------|-------------|-----------------|
| wignyan | [✉] | h | wayah |
| layar | | r | kartu |
| cecak | [▲] | ng | mangga |
| pangkon | • | aksara mati | mentas |

Katrangan panyeratanipun sandhangan inggih menika:

- (i) sandhangan wulu sumandhing wonten ing sisih kiwa sandhangan sanesipun. Tuladhanipun: kirti,
- (ii) sandhangan suku ing pasangan ka, ta, la, wujudipun pasangan dipunewahi kados aksara legena. Tuladha: kalkun, kintun,
- (iii) sandhangan taling tarung ngapit aksara legena, saengga taling tarung ingkang rumaket pasangan dipunserat kanthi ngapit aksara mati lan pasanganipun. Tuladha: tumbas soto, kios rokok,
- (iv) sandhangan cekak dipunserat salebetung pepet. Tuladha: sugeng rawuh,
- (v) kajawi kangge nyigeg aksara, sandhangan pangkon ugi saged dados sesulihing pada lingsa, ugi saged dados sesulihing pada lungsi menawi pangkon dipunwuwuhi lingsa. Tuladhanipun panyeratanipun ukara: Bapak mundhut lem, buku, lan kertas.
- (vi) pangkon dipunginakaken supados panyeratanipun aksara Jawa boten susun tiga. Tuladha: benik klambi, ngedhuk blumbang.

3. Aksara Mandaswara

Manda tegesipun tengah-tengah, swara tegesipun uni/ swanten.

Mandaswara tegesipun swanten ingkang nyakup konsonan saha vokal.

| Nama | Wujud | Swanten | Tuladha |
|-------------|-------------|---------|--------------------|
| cakra |▼..... | ra | Krasa |
| cakra keret |►..... | re | Srengenge |

| | | | |
|------------|--------------------|----|-------------------|
| pengkal | ^g | ya | Prasetya |
| panjing wa |●..... | wa | Kwali |
| panjing la |■.... | la | Mlaku |

4. Aksara Murda

| Nama | Aksara Murda | Pasangan | Tuladha |
|------|--------------|----------|------------------------------|
| na | * | | Nata Jatmika |
| ga | ● | | Gunung Galunggung |
| pa | ▲ | | Prawiramartaya |
| sa | ■ | | Sudarsana |
| ka | • | | Raden Ajeng Kartini |
| ta | ▬ | | Trunajaya |

| | | | |
|----|---|-------|--------------------|
| ba | . | | Baharudin |
|----|---|-------|--------------------|

Katrangan panyeratanipun aksara murda inggih menika:

- (i) aksara murda dipunginakaken nyerat nama tiyang, gelar, panggenan, asmaning leluhur, jejuluk, saha pandunungipun minangka pakurmatan,
- (ii) panyeratanipun (setunggal tembung) cekap ngginakaken aksara murda setunggal kemawon,
- (iii) aksara murda boten dipunginakaken kangege mungkasi wanda.

5. Aksara Swara

| Nama | Wujud | Tuladha |
|------|-------|---------------------|
| a | ■ | Agustus |
| e | ∧ | Espres |
| i | × | Ibrahim |
| o | • | Oktober |
| u | . | Urbanisasi |

Katrangan panyeratanipun aksara swara inggih menika:

- (i) aksara swara kangge nyerat tembung manca/ *kata serapan*,
- (ii) aksara swara boten saged dados pasangan,
- (iii) aksara swara boten saged rumaketan sandhangan swara,
- (iv) pa dipuncerek () sesulihipun (), saha nga dipunlelet ()
sesulihipun () kalebet aksara swara. Aksara nga lelet () boten
saged kangge pasangan supados boten mujudaken aksara susun tiga.

6. Aksara Rekan

| Nama | Wujud | Pasangan | Tuladha |
|------|-------|-------------|-----------------------------|
| kh | ^K |■.... | khatib |
| f/ v | ◎ |● | vaksin |
| dz | • |■..... | dzikir |
| gh | .. |■. | Ghazali lan Ghulam |
| z | .. |~.... | zakat |
| sy | .. |◎ | Syamsiyah |

Katrangan panyeratanipun aksara rekan inggih menika:

- (i) aksara rekan ginanipun kangge nyerat tembung manca mliginipun basa Arab,
- (ii) menawi aksara rekan rinaketan sandhangan pepet, cecakipun tiga dumunung sajroning pepet, tuladhanipun: verbal,
- (iii) menawi rinaketan sandhangan wulu, layar utawi cecak, cecakipun tiga dumunung wonten ing sisih kiwa, dene sandhangan wonten ing sisih tengen.

7. Angka Jawa

| | | | | |
|--------|--------|--------|--------|--------|
| 1 ■ | 2 - | 3 ▲ | 4 - | 5 ■ |
| 6 - | 7 ▲ | 8 - | 9 ■ | 0 ■ |

Katrangan panyeratanipun angka Jawa inggih menika:

- (i) panyeratanipun angka Jawa kaapit pada pangkat (),
- (ii) menawi sawingkingipun angka Jawa wonten pada lingsa utawi pada lungsi, pramila sawingkingipun angka boten kaserat pada pangkat. Tuladhanipun panyeratanipun ukara: Pak Kaldun kagungan sapi 21, menda 34, lan bebekipun 65.
- (iii) wilangan pecahan prayoginipun boten kaserat mawi angka. Tuladhanipun: telungprapat meter.

8. Pada (*Tanda Baca*)

| Nama | Wujud | Ginanipun |
|--------------|--------------|--|
| adeg-adeg | ●..... | kangge miwiti ukara |
| pada lingsa |r.... | kaginakaken ing antawisipun peranganing ukara |
| pada lungsi | | kangge mungkasi ukara |
| pada pangkat |‡..... | kangge ngapit angka saha kangge nedahaken panyebating perangan ukara |

C. Cak-cakanipun Mulangaken Materi Aksara Jawa ing SD

Materi aksara Jawa ing Sekolah Dasar, saged dipunwiwiti saking wulangan maos. Dipunandharaken saking tataran ingkang prasaja/*sederhana* inggih menika huruf/ aksara (aksara legena, pasangan, lan sandhangan). Guru saged nepangaken aksara Jawa legena mawi lelagon (kangge kelas *rendah/ awal*). Sasampunipun pana babagan aksara/ huruf, saged dipunterasaken kanthi ngracik huruf (aksara legena saha pasanganipun) dados tembung. Salajengipun saged dipunterasaken kanthi maringi tuladha tembung ingkang pikantuk sandhangan.

Tuladha tembung-tembung kala wau kapilih ingkang prasaja kemawon. Menawi sampun pana babagan tembung, saged dipunterasaken maos saha nyerat aksara Jawa ing tataran frasa/ klausa, saha ukara.

Kangge siswa kelas *tinggi*, saged dipuntepangaken aksara Jawa murda, aksara rekan, aksara swara, angka Jawa dumugi tataran wacana. Gladhen bab aksara Jawa ugi kedah katindakaken dening para siswa saking wujud ingkang prasaja rumiyin, ugi caranipun nglisanaken dumugi panyeratanipun.

D. Gladhen

1. Cobi tuladha tembung-tembung utawi frasa ing tabel-tabel wonten ing nginggil kaserata mawi aksara Jawa!
2. Wacan ing ngandhap menika kaserata mawi aksara Jawa!

“Raden Ngabehi Ranggawarsita nalika timuripun asmanipun Bagus Burhan. Panjenenganipun miyos kala dinten Senen Legi 10 Dulkangidah taun Be 1728 utawi 15 Maret 1802. Bagus Burhan menika putranipun Mas Pujangswara. Saking ramanipun kaprenah tedhak kaping tigawelas saking Sultan Adiwijaya ing Pajang.”

3. Cobi seratan mawi aksara Jawa ing ngandhap menika dipunwaos salajengipun dipunserat mawi aksara Latin!



E. Kapustakan

Sutrisna Wibawa, dkk. 2004. *Buku Pegangan Kuliah Mata pelajaran Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Fakultas Ilmu Pendidikan UNY.

Tim Pemerintah Propinsi DIY, Jateng, dan Jatim. 1998. *Pedoman Penulisan Aksara Jawa*. Yogyakarta.

PERANGAN IV KASUSASTRAN JAWI

A. Ancasipun Wulangan Kasusastran Jawi

1. Mahasiswa saged mangertosi jinis-jinisipun asil sastra Jawi.
2. Mahasiswa saged mangertosi bab-bab ingkang magepokan kaliyan sastra prosa Jawi, sastra puisi Jawi, sastra drama Jawi.
3. Mahasiswa saged milah saha milih asiling sastra Jawi ingkang trep kangge siswa SD.

B. Andharan Wulangan Kasusastran Jawi

Tembung kasusastran asalipun saking ka + su – sastra + an. Tembung sastra menika saking basa Sanskerta, wod √sas ingkang tegesipun miscal, diandikani, dipuntuturi. Wuwuhan tra nggadhahi teges pirantos. Tembung sasatra sakawit ateges pirantos kangege wewarah utawi miscal anggulawenthah. Ewa semanten menawi dipungatosaken malih, pirantos menika magepokan kaliyan basa. Wujudipun basa inggih menika lisan saha tulisan. Pramila lajeng wonten sastra lisan kaliyan sastra tulis/ seratan. Wohing pikir lan budining manungsa ingkang kawedhar sarana basa utawi karacik kanthi wujuding tulisan utawi basa lisan kalebet ewoning sastra. Caranipun mahyakaken basa saged melok lan simbolis. Mila ugi wonten *sastra realis* lan *sastra simbolis*, sinaosa basa menika ugi perangan saking wujudipun simbol.

Wanda su ateges sae, becik, endah. Tembung susastra ateges sastra ingkang sae, becik, utawi endah. Kasusastran inggih menika wohing pikir saha budining manungsa ingkang awujud racikaning basa lisan utawi tulisan ingkang ngemu kaendahan.

Sejarah kabudayan Jawi menika sampun nate kenging pengaruh saking budaya Hindu, Budha, Islam, Kristen, lansapanunggalanipun. Bab menika nilaraken tilas utawi tepak, kalebet ing sastranipun. Pramila boten nami ngayawara menawi pengin nyinau sastra Jawi inggih kedah nyinau kabudayan-kabudayan sanesipun kala wau, kalebet basanipun, dados prayoginipun ugi kedah nyinau basa Sanskerta, basa Jawa Kuna, basa Arab, lan sapanunggalanipun.

Wujud sastra kaperang dados tiga, inggih menika: prosa (gancaran), puisi, lan drama.

1. Prosa (Gancaran)

Wujud sastra prosa utawi gancaran ingkang pinanggih ing sastra Jawi, inggih menika prosa Jawi Kina, prosa Jawi Tengahan, saha prosa Jawi modern.

a. Prosa Jawi Kina

Ingkang kalebet prosa Jawi Kina utawi sastra parwa antawisipun Serat Candakarana, Brahmandhapurana, Agastyaparwa, Uttarakandha, Adiparwa lan sapanunggalanipun.

b. Prosa Jawi Tengahan

Wonten malih ingkang kalebet sastra Jawi Tengahan prosa inggih menika Tantu Panggelaran, Calon Arang, Tantri Kamandaka, lan sapanunggalanipun.

c. Prosa Jawi Modern

Dene ing prosa Jawi modern pinanggih asil sastra ingkang awujud:

(1) roman, inggih menika cariyos ingkang nggambarkeren gesangipun tiyang saking lair utawi mijilipun ngantos sedanipun. Jinisipun werni-werni, tuladhanipun: roman adat, roman sosial, roman detektif, lan sapanunggalanipun; (2) novel; (3) cerbung; (4) cerkak; (5) dongeng; (6) jagading lelembut.

2. Puisi

Wujud sastra puisi ingkang pinanggih ing sastra Jawi, antawisipun inggih menika tembang, parikan, saha geguritan.

a) Tembang

Wujuding tembang ingkang pinanggih ing satra Jawi antawisipun: tembang minangka asiling sastra Jawi Kina (kakawin), tembang minangka asiling sastra Jawi Tengahan (kidung), tembang minangka asiling kasusastran Jawi enggal (tembang ageng, tembang tengahan, tembang macapat, saha tembang dolanan).

(1) Kakawin

Asiling sastra Jawi Kina puisi dipunwastani kakawin. Tembung kakawin lingganipun kawi (puisi), saking basa Sanskerta. Tiyang ingkang nganggit kawi dipunsebat kawa. Tuladhanipun: kakawin Ramayana, Arjunawiwaha, Kresnayana, Bharatayuddha, Kunjarakarna, lan sapanunggalanipun. Kakawin pinathok kaliyan paugeran:

- (i) Pinathok dening metrum-metrum saking India/ bahasa Sanskerta (aturan panjang utawi cekak ingkang tartemtu lan ajeg ing gatra);
- (ii) Saben sapada kadadosan saking 4 gatra utawi larik;
- (iii) Saben sagatra cacahipun wanda sami utawi ajeg;
- (iv) Pinathok ing swanten panjang/ guru (ghuru: anteb: — : a, i, u, o, e, o, au, ai/ sigeg) saha swanten cekak/ lagu (laghu: ampang: : a, i, u,e).

(2) Kidung (sastra Jawi Tengahan puisi)

Tembung kidung ateges nyanyian. Tembung kidung menika kalebet puisi anggitanipun pujangga jaman Majapait. Limrahipun, kidung

menika dipunginakaken kangge namaning rumpakan ingkang basanipun Jawa Kuna Majapaitan ingkang kasebat Jawi Tengahan. Tuladhanipun: Dewa ruci, Sudamala, Kidung Subrata, Suluk Sukarsa, Koja Jajahan, Panji Angreni, lan sapanunggalanipun. Kakawin pinathok kaliyan paugeron:

- (i) pinathok dening metrum-metrum Jawi (metrum tengahan);
- (ii) pinathok ing guru gatra (cacahing gatra saben sapada);
- (iii) guru wilangan (cacahing wanda saben sagatra);
- (iv) guru lagu (dhong-dhingga swara/ dhawahing swanten ing pungkasaning gatra);

(3) Kasusastran Jawi Enggal

Ingkang kagolong kasusastran Jawi enggal inggih menika tembang gedhe, tembang tengahan, tembang macapat, saha tembang dolanan. Paugeron saben tembang dipunandharaken ing ngandhap menika.

Tembang gedhe utawi sekar ageng inggih menika araning tembang ingkang pinathok paugeron (a) kadadosan saking sekawan gatra, saha (b) saben sagatra cacahipun wanda sami utawi ajeg. Tuladhanipun tembang gedhe inggih menika Kusumastuti, Kusumawicitra, Tebu Sauyun, Bramarawilasita, Muduretna, lan sapanunggalanipun.

Tembang tengahan/ tembang madya/ tembang dhagelan inggih menika jinising tembang mawi basa Jawi enggal, ingkang pinathok paugeron: guru gatra, guru wilangan, guru lagu. Tuladhanipun: Wirangrong (6 gatra: 8i, 8o, 10u, 6i, 7a, 8a), Balabak (6 gatra: 12a, 3e,

12a, 3e, 12a, 3e), Jurudemung (7 gatra: 8a, 8u, 8u, 8a, 8u, 8a, 8u), Kuswarini, Pranasmara, Pangajapsih, lan sapanunggalanipun.

Tembung macapat utawi tembang alit menika wonten ingkang mastani bilih saking tembung ma + cepat. Tembang macapat anggenipun maos rikat utawi boten alon, lagunipun boten kekathahan cengkok. Wonten malih ingkang mastani bilih macapat menika saking jarwa dhosokipun macane papat-papat. Inggih menika anggenipun nyekaraken pamedhoting gatra wiwitan dhawah wanda ingkang kaping sekawan (papat). Tembang macapat ugi kaiket dening paugeran: guru gatra, guru guru lagu, guru wilangan. Ingkang kalebet tembang macapat miturut Subalidinata (1994) inggih menika:

- (i) Sinom: (9 gatra: 8a, 8i, 8a, 8i, 7i, 8u, 7a, 8i, 12a)
- (ii) Pangkur (7 gatra: 8a, 11i, 8u, 7a, 12u, 8a, 8i)
- (iii) Asmaradana (7 gatra: 8i, 8a, 8e, 8a, 7a, 8u, 8a)
- (iv) Kinanthi (6 gatra: 8u, 8i, 8a, 8i, 8a, 8i)
- (v) Mijil (6 gatra: 10i, 6o, 10e, 10i, 6i, 6u)
- (vi) Durma (7 gatra: 12a, 8i, 6a, 7a, 8i, 5a, 7i)
- (vii) Pucung (4 gatra: 12u, 6a, 8i, 12a)
- (viii) Maskumambang (4 gatra: 12i, 6a, 8i, 8a)
- (ix) Gambuh (5 gatra: 7u, 10u, 12i, 8u, 8o)
- (x) Megatruh (5 gatra: 12u, 8i, 8u, 8i, 8o)
- (xi) Dhandhanggula (10 gatra: 10i, 10a, 8e, 7u, 9i, 7a, 6u, 8a, 12i, 7a)

Kajawi wujud kasusastran Jawi enggal ingkang kasebat ing nginggil, miturut Padmosoekatja (1953), tembang-tembang ingkang limrah ing kasusatran jaman samenika, cacahipun wonten 15 warni, inggih menika (i) tembang Macapat: Kinanthi, Pucung, Asmaradana, Mijil, Maskumambang, Pangkur, Sinom, Dhandhanggula, Durma, (ii) tembang Tengahan: Gambuh, Megatruh (Dhudhukwuluh), Balabak, Wirangrong, Jurudemung, (iii) tembang Gedhe: Girisa.

Jinising tembang kalawau minangka pralambang gesanging manungsa, wiwit lair utawi mijilipun dumugi sedanipun. Pralambang saben tembang inggih menika:

- (i) Mijil : manungsa lair utawi mijil ing ngalam donya medal saking guwa garba;
- (ii) Kinanthi : nalika taksih alit lajeng dipuntuntun utawi dipunkancani, dikanthi;
- (iii) Sinom : sampun wiwit remaja (garbanipun si + enom);
- (iv) Asmaradana : gadhah raos tresna/ aweh katresnan dhumateng tiyang sanes;
- (v) Dhandhanggula : kataman raos tresna sedaya swasana katon endah lan manis;
- (vi) Gambuh : sasampunipun mengku kulawarga kedah, mangertos/ gambuh/ kulinten/ sareh dhumateng prekawisipun gesang;
- (vii) Maskumambang : menawi sampun sepuh gesangipun bakal

- ngambang menggalih donya lan akherat;
- (viii) Durma : tambah sepuh sansaya mundur;
 - (ix) Pangkur : mungkur saking gesang kadonyan,
ngadhepi akherat lajeng gentur ngibadah;
 - (x) Megatruh : seda ateges pegat ruhipun;
 - (xi) Pocung : lajeng dipunbuntel utawi dipunpocong.

Dene watakipun tembang-tembang kalawau inggih menika (i) mijil awatak wedharing raos, saged kange medharaken pitutur, ugi saged kange cariyos gandrungan, (ii) kinanthi: seneng, asih, tresna, saged kange medharaken piwulang, ugi saged kange cariyos ingkang ngemu raos asmara, gandrungan, (iii) sinom awatak grapyak, renyah, saged kange sesorah utawi mituturi, (iv) asmaradana gadhah raos sengsem, sedhiih, prihatin, nanging prihatin amargi ketaman raos asmara, saged ugi kange medharaken asmara, (v) dhandhanggula: awatak resep, luwes. Kange cariyos menapa kemawon saged luwes, nanging limrahipun kange bebuka, medharaken piwulang, gandrungan, (vi) gambuh awatak rumaket, kulinten, kange medharaken pitutur ingkang radi sereng, limrahipun ngangge basa ngoko (nggamaraken tiyang ingkang sampun rumaket sesrawunganipun), (vii) maskumambang awatak nelangsa, medharaken raos ingkang ngeres, nelangsa, karanta, ranta, (viii) durma: galak, muntab, medharaken raos manah ingkang duka/ nepsu, ugi saged kange cariyos perang, (ix) pangkur awatak sereng, saged kange pitutur ingkang sereng, (x) megatruh awatak

sedhilih, nglokro, medharaken gegetun pungun-pungun, nelangsa karanta-ranta, (xi) pocung awatak kendho, kangge cariyos ingkang naming sakepenakipun piyambak.

Tembang dolanan inggih menika tembang ingkang basanipun Jawi enggal saha gampil dipunmangertosi dening lare-lare. Wonten ingkang nyekaraken kanthi solah bawa, isinipun pitutur, cangkriman, dongeng lan sapanunggalane. Tuladhanipun: sluku-sluku bathok, Jamuran, Kupu Kuning, Pendhisil, Paman Tukang Kayu, lan sapanunggalanipun.

b) Parikan

Tembung parikan wonten gegayutanipun kaliyan tembung pari. Ing basa Melayu dipunsebat *pantun*. Racikan saha paugeranipun meh sami kaliyan pantun. Parikan ngemu paugeran: (1) parikan sapada kadadosan saking 2 utawi 4 gatra, (2) purwakanthi a- b- a- b, (3) gatra kapisan lan kapindho minangka purwaka/ *sampiran*, gatra katelu lan kaping papat minangka isining parikan. Tuladha parikan:

Parikan ringkes (*Karmina*)

- Manuk glathik dibubuti,
Rambut brintik merak ati.
- Anak dara jare piyik,
Seneng nangga ora becik.

Parikan ingkang kadadosan saking kalih gatra

- Kembang waru asri megare tan dangu,

Ayo nggugu ujar piwulanging guru.

➤ Nyangking ember kiwa tengen,

Lungguh jejer tamba kangen.

Parikan sekawan gatra

➤ Kutha Sala dalane rame,

Sriwedari tengah prenahe,

Aku gela amarga kowe,

Angger janji arang nyatane.

c) Geguritan

Geguritan inggih menika iketaning basa ingkang memper syair.

Pramila wonten ingkang nyebat syair Jawi gagrag enggal. Tembung geguritan asalipun saking tembung gurita (minangka ewah-ewahanipun tembung gerita).

Tembung gerita lingganipun gita, ateges ‘tembang’ utawi ‘syair’ (Subalidinata: 1994). Nanging wonten malih ingkang mastani bilih geguritan kadadosan saking tembung lingga gurit (dwipurwa lan panambang –an).

Tembung gurit ateges ‘tatahan’ utawi ‘tulisan’. Suwau, geguritan menika awujud kados syair (Indonesia), liripun larikanipun wonten 4 lan purwakanthinipun a - a - a - a. Tuladhanipun inggih menika:

Cohung, cohung, ora gombak ora kuncung,

anggepe kaya tumenggung,

e...jreg, e...nong, e...jreg, e...gung,

sisir gula jenang jagung.

Samangke, sedaya wujud puisi Jawi modern saged kasebat geguritan.

Menawi katitik saking tuladha ing media massa, geguritan modern samenika sampun bebas sanget. Mila lajeng wonten kemawon geguritan ingkang meh sami kaliyan cerkak. Bedanipun prasasat naming panganggepipun ingkang ngripta, amargi karya sastra menika boten wonten lepatipun.

Wewatesipun puisi menika menapa, inggih boten wonten ingkang nemtokaken kedah kados pundi. Nanging ingkang saged dados pancadan inggih menika menawi gancaran langkung nengenaken *kisahan* utawi narasi, nanging menawi geguritan langkung nengenaken pilihan tembung (*diksinipun*) ingkang mahyakaken kekajengan kanthi cara ingkang boten langsung (Reffaterre, 1978). Liripun, ing gancaran menika ancasipun supados ingkang maos saged nampi kanthi mangertosi isi utawi makna saben ukara-ukaranipun.

Dados struktur basanipun *normatif*. Dene puisi boten kedah *normatif*.

3. Drama

Ing drama Jawi pinanggih jinising drama radio saha drama kangge panggung utawi pementasan. Menawi katitik saking isinipun, jinising drama Jawi pinanggih drama wayang utawi ringgit, kethoprak, langen mandra wanara, drama modern, lan sapanunggalanipun.

4. Rengga Sastra

Kajawi puisi, prosa, saha drama ingkang sampun kaandharan ing nginggil, wonten malih karya sastra Jawi ingkang mirunggan (badhe karembag ing bab rengga sastra menika), antawisipun cangkriman, wangsalan, paribasan, bebasan, saloka, pepindhan, saha panyandra.

a. Cangkriman

Cangkriman inggih menika unen-unen ingkang rinacik ing tembung ingkang tumata, suraos utawi isinipun ngemu teges ingkang kedah dipunbadhe. Cangkriman ugi dipunsebat badhean, batangan, utawi bedhekan. Ing panggenan tartemu, kasebat capean. Wujud saha dhapukanipun saged kaperang dados cangkriman (1) ingkang kadadosan saking rerakitaning tembung wancah, (2) ingkang ngemu suraos pepindhan utawi irib-iriban/ memper, saha (3) ingkang suraosipun blenderan utawi teges plesetan.

Cangkriman ingkang kadadosan saking rerakitaning tembung wancah utawi dipuncekak. Tuladhanipun:

- (i) yu mahe rong = yuyu omahe ngerong,
- (ii) burnas kopen = bubur panas kokopen,
- (iii) surles penen = susur teles pepenen,
- (iv) nituk lersure = nini ngantuk diseler susure,
- (v) pipiru ndangndangmoh thongthongjur = sapi-sapine guru,
kandhange amoh, tlethong-tlethonge ajur.

Cangkriman ingkang kadadosan saking rerakitaning ukara ingkang ngemu suraos pepindhan utawi irib-iriban/ memper. Tuladhanipun:

- (i) pitik walik saba kebon = nanas,

- (ii) emboke wuda, anake tapihan = pring,
- (iii) sawah rong kedhok, galengane mung sitok = godhong gedhang,
- (iv) yen lali katut, yen kelingan keri = suket dom-doman,

Cangkriman ingkang awujud pepindhan ugi wonten ingkang kamot utawi sinawung ing tembang, limrahipun tembang Pucung utawi tembang Balabag.

Tuladhanipun:

Jroning guwa kinarya umpetan baya, ndepepes,
 Bajul putih rinajeg wesi santosa, galigen,
 Yen ngantiya bajul ucul weh bebaya, lwi gedhe.

Baya = ilat. Ilat menika limrahipun werninipun semu/ radi pethak. Bajul putih pinager rajeg wesi = untu. Menawi bajul pethak menika ucul mbebayani sanget = menawi ilat menika medalaken tetembungan ingkang boten prayogi, saged mbebayani sanget tumraping pasrawungan, saged ndadosaken salah tampi.

Cangkriman ingkang suraosipun blenderan utawi teges plesetan.

Tuladhanipun:

- (i) Ana titah, duwe gulu tanpa sirah. Duwe silit nanging ora tau bebuwang. Sapa kuwi? (gendul);
- (ii) Ana piranti sabane ing pawon. Bareng ketiban cecak bisa mabur. Apa kuwi? (kalo) tulisen nganggo aksara Jawa.
- (iii) Dheweke wus anguk-anguk kubur. Maksude wis lara banget, meh mati.
- (iv) Wong ketiban duren bakal sugih pari. (paringisan amarga kelaran)
- (v) Tulisane Arab macane saka ngendi? (saka alas)

b. Wangsalan

Wangsalan inggih menika unen-unen ingkang meh sami utawi saemper kaliyan cangkriman, nanging limrahipun wangsulanipun sampaun dipunsebataken kanthi cara sinandhi utawi boten dipunblakakaken. Tembung wangsalan menika nunggal teges kaliyan tembung wangsulan. Wangsalan ugi kathah ingkang tinemu ing kasusatran, limrahipun rinaket ing basa pinathok lan rinengga, ugi wonten ingkang sinawung ing tembang. Wujudipun wangsalan miturut Subalidinata (1994) inggih menika inggih (1) wangsalan padinan, (2) wangsalan ingkang rinacik ing ukara, (3) wangsalan ingkang kadadosan saking kalih ukara utawi kalih gatra.

Wangsalan padinan inggih menika wangsalan ingkang limrahipun kangge pagineman saben dintenipun, wonten ingkang tanpa nyebataken batanganipun amargi ingkang mirengaken sampaun dipunanggep mangertos suraosipun. Tuladhanipun:

- (i) Isih enom kok njangan gori. (jangan gori = gudheg);
- (ii) We, kok banjur ngewoh kesambi. (woh kesambi = kucacil);
- (iii) Kowe iku, kok mung mutra bebek (putra bebek = meri);
- (iv) Wong mung guyon wae kok banjur mentil kacang. (pentil kacang = besengut),
- (v) Jenang gula mas. Welingku wingi! (jenang gula glali).

Wangsalan ingkang rinacik ing ukara. Tuladhanipun inggih menika:

- (i) Roning mlinjo, sampun sayah nyuwun ngaso (eso);
- (ii) Balung klapa, ethok-ethok ora priksa (bathok);
- (iii) Cecak toya, aja mingkar ing ubaya (baya);
- (iv) Kukus gantung, sawangane sajak bingung (sawang).

Wangsalan ingkang kadadosan saking kalih ukara utawi kalih gatra. Gatra kapisan minangka wangsalan (cangkriman), ukara kapindho minangka bedhekan utawi tebusanipun. Tuladhanipun:

- (i) Kolik priya, priya tinilar kang garwa (tuhu; duda).
Lamun tuhu, pepadha tresna ing kalbu.
- (ii) Kolik priya, priya gung Anjani putra (Manuk tuhu, Anoman)
Tuhu eman, wong anom wedi kangelan.

c. Paribasan

Paribasan inggih menika unen-unen ingkang gumathok racikanipun saha mawi teges tartemtu. Racikanipun tembung boten ewah, suraos utawi tegesipun ugi gumathok, limrahipun ateges entar. Paribasan ugi saged dipunsebat minangka unen-unen ingkang ajeg panganggenipun, mawi teges entar (kias) tetembunganipun wantah (limrah), boten ngginakaken pepindhan (gegambaran).

Tuladhanipun:

1. adigang, adigung, adiguna = ngendelake kekuwatan, keluhuran, lan kapinteran;
2. ana catur mungkur = ora ngrungokake guneman kang ala;
3. mikul dhuwur mendhem jero = anak kang bias njunjung drajate wong tuwa;

4. sing sapa salah seleh = sapa sing salah bakal konangan;
5. welas tanpa lalis = karepe ngeman nanging malah gawe kapitunan;
6. criwis cawis = nyacad akeh omonge, nanging uga mrantasi ing gawe;
7. dahwen ati open = nyacad nanging duwe pamrih;
8. tulung menthung = katone mitulungi nanging malah gawe rekasa.

d. Bebasan

Ingkang dipunsebat bebasan inggih menika unen-unen ingkang ajeg panganggenipun, gadhah teges entar (kias) mawi gegambaran kewan, barang, kahanan, ingkang dipungambaraken sipating manungsa utawi kahananipun tiyang/tindak tandukipun..

Tuladhanipun:

1. aji godhong jati aking (garing) = asor banget ora ana ajine;
2. esok dhele sore tempe = ora teteg atine gampang molah-malih;
3. nguthi-uthik macan dhedhe = njarag gawe nesune wong kang wis lilih atine;
4. suduk gunting tatu loro = nindakake pagawean mung sawerna, kliru mula kapitunane luwih saka siji;
5. sedhakep angawe-awe = ninggalake tumindak ala, nanging ing batin isih kepengin nglakoni.

e. Saloka

Saloka inggih menika unen-unen ingkang ejeg panganggenipun, mawi gegambaran (pepinhan) kewan, barang, utawi kahanan, sing dipindhakake wonge

lan tembunge sing dadi pepindhan dumunung ing ngarep ukara utawi dados jejer.

Tuladhanipun:

- cebol nggayuh lintang = gegayuhan kang mokal bisa kelakon;
- jati ketlusuban ruyung = kumpulan wong becik kecampuran wong ala;
- satru munggwing cangklakan = mungsuh sing isih sanak sedulur;
- 4. timun wungkuk jaga imbuh = wong bodho kanggone mung yen kekurangan wae;
- 5. endhas gundhul dikepeti = wis kepenak dienak-enakke.

f. Pepindhan

Pepindhan inggih menika unen-unen ingkang ngemu suraos pepadhan, irib-iriban, emper-emperan. Ing kasusastran Jawi, pepindhan menika limrahipun ngginakaken tembung kaya, lir, pindha, kadi, kadya. Tuladhanipun pepindhan inggih menika :

- 1. galake kaya macan manak,
- 2. rukune kaya mimi lan mintuna,
- 3. polahe kadya gabah diinteri,
- 4. beda kaya bumi lan langit.

g. Panyandra

Nggambaraken kaendahan peranganing badan/ sawijining kahanan utawi solah bawa. Tuladhanipun panyandra inggih menika.

- alise nanggal sepisan,
- bangkekane nawon kemit,
- brengose nguler keket,

lakune macan luwe,
 untune miji timun.

h. Sandiasma

Inggih menika nama sinamar utawi sinawung ing tembang. Tuladhanipun
 nama Ki Marta Suwita ingkang sinawung ing tembang kinanthi ngandhap menika.

Kinanthi sujanma idhup,
mardi mardaweng palupi,
tama tumanem mrih bias,
susulange janma nguni,
winuruk ing tapa brata,
tatane wirid puniki.

C. Cak-cakanipun Mulangaken Materi Kasusastran Jawi ing SD

Mulangaken kasusastran Jawi kange siswa SD, liripun siswa kedah
 dipunkulinakaken nampi lajeng ngonceki, ngraosaken, ngantos saged ngripta
 karya sastra, tamtu kemawon kajumbuhaken tataran kelasipun (kawiwitam saking
 karya sastra ingkang prasaja saha gampil). Bab menika mbetahaken cara kange
 nuwuuhaken pikajenganipun siswa piyambak. Umpami para siswa sampun mrentul
 saking niyatipun piyambak, guru kantun tut wuri handayani. Pramila, ing
 pembelajaran sastra, bakunipun kedah saged damel siswanipun ngremeni sastra
 (Endraswara, 2003). Kejawi menika, bilih sedaya materi sastra saged
 kaparinagken dhateng siswa kanthi cara miturut kompetensi pokokipin, inggih
 menika maos, wicara, nyemak, saha nyerat sastra.

Ing cak-cakanipun saben materi nggadhahi cara-cara ingkang mirunggan kajumbuhaken kaliyan kawontenanipun siswa. Umpaminipun bab dongeng, miturut Endraswara (2003) menawi milih dongeng kedah (1) trep kaliyan kabetahanipun siswa, pramila guru naming nyawisaken alternatif, (2) trep kaliyan kawontenan sakiwatengenipun siswa (dongeng lokal), (3) isi/ amanat dongeng trep kaliyan kabetahanipun siswa.

D. Gladhen

1. Kaandharna jinisipun asil karya sastra Jawi miturut wujud saha isinipun!
2. Kaandharna pangertosan saha kasebatna tuladhanipun:
 - a. Cangkriman
 - b. Wangsanan
 - c. Paribasan
 - d. Bebasan
 - e. Saloka
 - f. Pepindhan
3. Kasebatna asil-asil sastra Jawi ingkang trep kangge wulangan SD!
4. Kaanggitा cariyos utawi dongeng ingkang trep kangge wulangan ing SD!
5. Kadospundi cak-cakanipun mulangaken sastra Jawi dhateng siswa SD?

E. Kapustakan

Endraswara, Suwardi. 2003. *Membaca, Menulis, Mengajarkan Sastra: Sastra Berbasis Kompetensi*. Yogyakarta: Kota Kembang.

Subalidinata. 1994. *Kawruh Kasusastran Jawa*. Yogyakarta: Yayasan Pustaka Nusatama.

Sutrisna Wibawa, dkk. 2004. *Buku Pegangan Kuliah Mata pelajaran Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Fakultas Ilmu Pendidikan UNY.

PERANGAN V SEKAR DOLANAN SAHA MACAPAT

A. Ancasipun Wulangan Sekar Dolanan saha Macapat

1. Mahasiswa saged nyebataken paugeranipun sekar,
2. Mahasiswa saged ngripta sekar macapat miturut paugeranipun kangge wulangan ing SD,

3. Mahasiswa saged nyekarakken sekar dolanan saha macapat.

B. Andharan Wulangan Sekar Dolanan saha Macapat

1. Nyinau Sekar Jawi

Sekar inggih menika rumpakan ingkang ngginakaken tatacara pinathok.

Pathokan ingkang ngiket sekar warni-warni. Sekar ingkang kange bahan wucalan kedahipun kapilih ingkang pas, jumbuh kaliyan kawontenanipun siswa, saha prayoginipun menawi boten naming wujud teori sekar kemawon.

Teori sekar langkung sae dipunwucalaken samadya kemawon. Ingkang baku siswa saged nyekar kanthi pas, boten kedah sae kados dene sindhen utawi wiraswanten. Wucalan sekar dipunangkah amrih siswa saged nyekar kanthi prasaja kemawon, dene wonten siswa ingkang gadhah greget saha bakat menjila prelu dipunsukani kalodhangan.

Bab-bab ingkang prayogi dipungatosaken wonten wucalan sekar kange siswa SD, inggih menika.

- a) dipunpilah saha dipunpilih sekar ingkang boten kekathahen luk saha cengkok, cekap prasaja kemawon,
- b) notasi naming cekap kange nuntun,
- c) basanipun utawi cakepanipun kapilih ingkang prasaja, boten angel-angel sanget, laras kaliyan siswanipun. Kajawi menika ugi dipunpadosi ingkang ngemot pitutur utawi piwulang becik saha luhur utawi budi pekerti, saged ugi dhagelan,
- d) cacahipun larik utawi gatra dipunpilih ingkang cekak saengga gampil dipunsinau saha dipunapalaken dening siswa,

e) pamilah saha pamilihing sekar kajumbuhaken kaliyan kelasipun.

Tuladhanipun kangge siswa kelas I- II langkung prayogi awujud sekar dolanan rumiyin, ingkang awatak gumbira, dhagelan, saha prasaja, saumpami “kupu kuwi”, “kamit”, “pitik walik”, lan sapanunggalanipun. Menawi sampun ngancik kelas III, saged dipunpilih sekar macapat ingkang cekak, saumpami gambuh utawi pocung, lan sapanunggalanipun.

2. Praktek Nyekar

Ingkang prelu dipungatosaken kangge nyinau praktek nyekar inggih menika: (a) jangga dipuntarik ingkang jejeg, boten ndhungkluk, (b) vokal kedah ingkang los (las-lasan, cetha, prasaja anggenipun nyekar), boten dipundamel-damel, (c) menawi pinuju nyekar, napas dhadha saha padharan prelu dipuntata, saha (d) langkung prayogi lenggah sila tumpang, boten ngadeg.

Menawi sampun wiwit nyekar, wonten babagan ingkang prelu dipungatosaken nalika praktek, inggih menika:

- a) kelas dipundamel regeng, gumbira, ingkang baku saged mlampah pembelajaranipun,
- b) guru nyukani tuladha sekar (notasi saha cakepanipun) pisan utawi pindho ngantos wetah, menawi prelu dipunthinthigi notasi utawi paraga sanesipun,
- c) siswa dipunjak maos notasi. Saderengipun, guru nyukani tuladha waosan notasi sagatra mbaka sagatra. Siswa katuntun nirokaken notasi,

- d) dipunlajengaken nirokaken cakepanipun. Guru nyukani tuladha kadospundi nyekaraken tembang (cakepanipun). Siswa katuntun nirokaken nyekar sagtra mbaka sagatra,
- e) guru kaliyan siswa sareng-sareng ngambali malih sekar kala wau kanthi wetah. Perangan ingkang angel dipunambali,
- f) salajengipun guru kaliyan siswa ngrembag sesarengan tembung-tembung ingkang karacik wonten ing sekar kala wau. Pitutur utawi piwulang becik menapa kemawon ingkang kaemot wonten ing sekar.

Kajawi bab ingkang kasebataken ing nginggil kala wau, saged ugi anggenipun miscalaken sekar kanthi klompok. Para siswa kapantha-pantha dados klompok-klompok alit (1 klompok= 3 siswa), supados gampil anggenipun mangertosi, sinten ingkang sampun leres lan sinten siswa ingkang dereng leres anggenipun nyekar. Guru lajeng ndhawuhi praktek nyekar miturut klompok, saged ugi dipunterasaken kanthi saut-sautan (gatra/ larik sepisan dipunsekaraken dening sawijining klompok, larik kapindho dipunterasaken dening klompok sanes, lan salajengipun kanthi saut-sautan). Cara menika saged ugi kangge gladhen nyemak, amargi saben klompok temtu kemawon nggatosaken supados menawi dipundhawuhi guru saged teras nyaut kanthi pas.

Sasampunipun praktek nyekar klompok kala wau, menawi wonten siswa ingkang sampun wantun nyekar piyambak, pramila saged dipungilir, sinambi dipunprenahaken menawi kirang pas.

3. Tuladhanipun Sekar Dolanan

Ilir- ilir

Slendro P. Sanga

.
 . 5 5 5 6 1 5 5 2 3 5 5 3 2
 I - lir - i- lir tandur- e wis sumi- lir,

2 2 2 2 5 5 3 2 1 3 2 1 6 1 6 5
 tak i- jo ro- yo ro- yo tak- sengguh teman- ten a- nyar,

.
 . 5 5 5 6 1 5 5 2 3 5 5 3 2
 bo- cah a- ngon penek- na blim- bing ku- wi,

2 2 2 2 5 5 3 2 1 3 2 1 6 1 6 5
 lu-nyu lunyu penek- en kanggo ma- suh do- dot- i- ra,

.
 . 5 5 5 6 1 5 5 5 2 3 5 5 3 2
 do- dot i- ra ku- mi- tir be-dhah ing ping- gir,

2 2 2 2 5 5 3 2 1 3 2 1 6 1 6 5
 doma- na jlu- mata- na kang- go se- ba mengko so- re,

1 6 1 2 1 6 1 5 1 6 1 2 1 6 1 5
 mumpung ge-dhe rembu- lan- e, mumpung jembar ka-lang- an- e,

.
 . 5 6 1 5 32 3 . 5 1 3 2 1 1 6 5
 ya su- rak- a su- rak ho re.

Cublak Cublak Suweng

Slendro Pathet Manyura

.
 . 3 5 5 3 2 1 2 3 2 5 3 2 1
 Cu- blak cu- blak su- weng su- weng- e ting ge- len- ter,

2 3 2 5 3 2 1 1 5 6 1 6 2 1 1

mambu ke-tun-dhung gu- del, pak em- pong le- ra le- re, sa-

1 5 6 1 6 2 1 5 . 5 3 2 1 2 3 5
pa nggu- yu ndhe-lik- a- ke, sir sir pong dhe- le go- song, sir

. 5 3 2 1 2 3 5 . 5 3 2 1 2 1
sir pong dhe- le go- song sir sir pong dhe- le go- song

Kamit

Slendro Pathet Sanga

. 2 2 2 2 5 6 1 . 1 6 1 6 2 1
Na- ma ku- la Ka- mit, ku- la da- dos dhok- ter,

. 6 6 6 6 1 5 6 . 5 3 5 2 3 5
njam- pe- ni se- sa- kit, sa- ka- lang- kung pin- ter,

. 2 2 2 2 5 6 1 . 1 6 1 6 2 1
ra- di ka- le- re- san, nyu- wun jam- pi wu- dun,

. 6 6 6 6 1 5 6 . 5 3 5 2 3 5
Sam- pun ti- gang wu- lan, bo- ten man- tun man- tun.

Menthog- menthog

Pelog Pathet Nem

. . 6 6 . . 6 6 . . 6 3 . 5 5 3 6 6
Menthog menthog tak- kan- dha- ni,

. . 2 3 1 . 2 6 . 5 3 6 . 6 3 2 1 6 5

mung so- lah- mu a- ngi- sin- i- sin- i,
. . 5 5 2 3 . 5 5 3 6 6 6 6 5 3 5 6 5 6 5
bok ya a- ja nge- tok, a- na kan- dhang wa- e,
. . 5 5 2 3 . 5 5 3 6 6 6 6 5 3 5 6 5 6 5
e- nak e- nak ngo- rok, o- ra nyam- but ga- we,
. . 2 2 . . 2 2 . . 2 3 . 5 5 6 6
menthog menthog mung la- ku- mu,
. . 2 3 1 . 2 6 . 5 3 6 . 6 . 5 . 3 . 2
me- gal me- gol ga- we gu- yu.

Kate- kate Dipanah

Slendro Pathet Sanga

5 5 5 2 3 1
Te ka- te di- panah,
1 2 3 2 5 3 2 1 1 2 3 2 5 3 2 1
di- pa- nah ngi- sor ge- la- gah a- na ma- nuk on- dhe ondhe,
1 1 5 6 1 6 2 1
bok sri bom bok bok sri ka te,

1 1 5 6 1 6 2 1
bok sri bom bok bok sri ka te,

Lesung Jumengglung

Slendro P. Sanga

5 6 2 3 5 . 1 6 5 3 1 2
Le- sung ju- meng-glung, sru im- bal im- ba- lan,
2 3 6 1 2 . 5 3 2 3 5 6
le- sung ju- meng- glung, ma- ne- kur mangungkung,

2 2 6 2 2 6 1 . 1 6 1 . 1 5 2
 ngu- mandhang nge- ba- ki sa- jro- ning pa- de san, thok
 . 2 1 2 . 2 5 2 . 2 1 2 6 1 5 2
 thok thek thok thok gung, thok thok thek thok thek thok gung, thok
 . 2 1 2 . 2 5 2 . 2 1 2 1 6 5
 thok thek thok thok gung, thok thok thek thok thek thok gung.

Kupu Kuwi

Pelog Pathet Nem

5 3 5 6 1 6 1 2
 Ku- pu ku- wi tak- en- cu- pe,
 3 2 1 6 2 1 6 5
 mung a- bur- mu nge- wuh- a- ke,
 .. 3 3 .. 2 2 .. 1 1 6 5 3 6
 nga- lor ngi- dul ngetan ba- li ngu- lon,
 .. 2 2 . . 1 1 .. 6 5 5 6 6 5
 mra-na mre-ne mung sa- pa- ran pa- ran,
 2 . 3 . 5 . 6 . . 5 . 3 . 6 . 5
 sa- pa bi- sa ngen- cu- pa- ke,
 5 5 2 3 . 5 . 6 2 1 6 5 . 3 . 2
 men- tas mencok cle- grok, banjur ma- bur kle- per.

Kembang Jagung

Slendro Pathet Manyura

5 5 6 6 1 1 1 5 1 6 5 3 2 3
 Kem- bang ja- gung, o- mah kam- pung ping- gir lu- rung,

 1 2 3 3 5 5 5 2 5 3 3 2 2 1
 je- jer te- lu sing te- ngah ba- kal o- mah- ku,

 . . 1 2 2 3 1 2 3 . 1 2 2 3 1 2
 gem- pa mung- gah gu- wa, mu- dhun nyang bon ra- ja,

 . . 5 5 1 6 5 3 1 2 3 5 3 2 2 1
 me- thik kem- bang so- ka di- ca-os- ke kan- jeng ra- ma,

 . . 6 5 3 2 3 5 6 . 6 5 3 2 3 5
 ma- ju ko- we ta- tu, mundur ko- we a- jur,

 . . 1 2 2 5 5 3 6 5 3 2 1 3 2 1
 jok- na sa- ba- la- mu o- ra we- di su- du- kan- mu,

 1 1 6 5 6 2 6 1 1 1 6 5 6 2 6 1
 i ki lho dha- dha sa- tri- ya, i- ki dha- dha Ga- thut- ka- ca.

4. Tuladhanipun Sekar Macapat

Gambuh

P. Br.

7 2 2 2 2 7 23
 Ju- ru ta- man ci- na- tur,

3 2 7 6 6 7 2 2 7 23
 wi-ra tre-na ye-ku was-ta-ni- pun,

 6 5 3 7 6 6 6 6 7 5 3 2
 dar-be men-co ju-ga bang-kit ta-ta jal-mi,

 6 6 6 6 7 5 6 7
 ing sa-wa-ta-ra-ne mu-hung,

 7 2 7 6 5 3 56 6
 den um-bar a- co-lat co- lot.

Megatruh

P. Br.

7 5 .6756 7 ... 7 7 76 5 .. 72 2 . 232 7
 wong a- wu- la ing ra- tu lu- wih pa- ke- wuh,

 5 67 72 2.32 7 6.5 576 5
 no- ra ke- na ming-grang ming-gring,

 5 5 32 35 .. 6 7 . 567 6
 ku- du man- tep sar- ta- ni- pun,

 2 2 2 2 2 2 3235
 se-tya tu- hu marang Gus- ti,

 5 5 36 6 .. 67 5 . 5653 2
 di- pun mi- tu- rut sa- pa- kon.

Dhandhanggula

P. Nem

6 1 1 1 1 2 2 2 2 2
 Ja- go klu-ruk ra- me ka- pi- yar- si,

 1 1 12 1 6 5 5 5 5
 la- wa ka- long lu- ru pan- dhe-li- kan,

5 6 12 21 6 56 4 56565
jrih ka- wa- nan ing se- mu- ne,

5 6 1 1 1 123 21
we-tan bang su- la- ki- pun,

6 56 2 1 1 1 1 1 61
mer- tan- dha- ni yen ba- ngun en- jing,

6 1 2 2 2 2 2
rem- bu- lan wus gum-le- wang,

1 6 1 1 121 65
neng ku- lo-ning gu- nung,

5 6 1 2 2 2 2
ing pa- de- san wi- wit o- bah,

1 1 12 1 6 5 5 5 5 6 12 2
la- nang wa- don pan sam-ya a- nam- but kar- di,

5 6 1 1 1 2165 6.1
ne- te- pi ku- wa- ji- ban.

PANGKUR

P. Nem

3 5 5 5 3 3 3 3
ming-kar ming-kur ing u- ka- ra,

3 5 5 6 1 1 1 1 1 23 2.1
a-ka-ra-na ka-re-nan mar-di si- wi,

5 6 1 1 1 1 1 123 1.2
 si-na-wung res-mi-ning ki- dung,
 1 6 5 5 5 5 5
 si-nu-ba si-nu-kar-ta,
 3 5 5 6 6 1 1 1 1 212 3 3
 mrih kre-tar-ta pa-kar-ti-ne ngel- mu lu- hur,
 6 1 1 1 1 1 1 1
 kang tum-rap neng ta-nah Ja- wa,
 1 2 3 1 2 3 3 2.1
 a- ga-ma a- ge-ming a- ji.

Kinanthy

Mangu P. Br.

6 7 2 2 2 2 27 2.3
 Pi tik tu lak pi tik tu kung,
 3 2 7 6 6 567 2 327
 te tu la king ja bang ba yi,
 7 2 2 2 2 2 232 7.6
 nge do-ha ke ca cing ran cak,
 5 6 67 56 3 327 723 3
 sa rap sa wan pan su ming kir,
 3 5 6 7 72 67 232 7.6
 si tu kung mang gung neng ngar sa,
 6 7 2 2 2 2 27 2327
 si tu lak nga dha-ngi wu ri.

Sinom

P. Nem.

1 2 2 2 1 23 1 2.1
 Bon-dhan kang tan a- mer- lok- na,
 1 1 1 1 1 1 2.1 6.5
 mung-guh u- ger-ing nga- u- rip,

1 2 3 1.2 6 6 653 5.6
 u- ri- pe lan tri pra - ka- ra,

 5 6 6532 356 2 2 2.3 1.2.1.6
 wir- ya har- ta tri wi- na- sis,

3.5 5 5 5 5 6.5
 ka- la- mun kong- si se- pi,

 5 6 1 23.12 6 3 356 5.653.2
 sa- ka wi- la- ngan te- te- lu,

 1 2 3 3 3 3 1.2.3
 te-las ti- la-sing jal- ma,

 6 6 6532 3.5.6 2 2 2123 1.2.1.6
 a- ji go- dhong ja- ti a- king,

 3 5 5 5 5 6 1 23.12 6 3 356 53232
 te-mah pa-pa pa-pa-ri- man ngu-lan-da- ra.

C. Gladhen

1. Katerangna titikanipun sekar dolanan saha macapat!
2. Menapa bedanipun sekar dolanan saha macapat?
3. Kasebatna paugeronipun sekar!
4. Kaanggita sekar macapat (cakepanipun kemawon) ingkang trep kangge wulangan ing SD!
5. Cobi kapraktekaken sekar dolanan saha macapat ingkang sampun kasebat ing nginggil!

D. Kapustakan

Endraswara, Suwardi. 2002. *Tembang dolanan lan Macapat*. Yogyakarta: Swaloka.

Sutrisna Wibawa, dkk. 2004. *Buku Pegangan Kuliah Mata pelajaran Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Fakultas Ilmu Pendidikan UNY.

PERANGAN VI TRAMPIL BASA

A. Ancasipun Wulangan Trampil Basa

Ancasipun wulangan trampil basa menika, mahasiswa dipunajab saged:

1. nerangaken pangertosan trampil basa,

2. nerangaken pangertosan jinisipun trampil basa,
3. mangertosi cak-cakipun wulangan trampil basa,
4. mulangaken trampil basa dhateng siswa SD.

B. Andharan Wulangan Trampil Basa

Trampil basa inggih menika kaprigelan ngginakaken basa minangka pirantos sesambutan utawi komunikasi. Trampil basa menika nyakup sekawan kaprigelan, inggih menika mirengaken (*listening*), wicara (*speaking*), maos (*reading*), saha nyerat (*writing*). Menawi katingalan saking cak-cakan panganggenipun basa minangka pirantos sesambutan utawi komunikasi, sekawan katrampilan menika sambet-sinambet utawi tetunggalan (*terpadu*) saha mujudaken katrampilan ingkang manunggal, boten saged kapisahaken satunggal lan satunggalipun.

1. Mirengaken

Mirengaken inggih menika lumampahipun kagiyatan nampi katrangan lisan utawi mirengaken basa lisan kanthi nggatosaken ingkang saestu supados mangertos wedaring suraosipun tiyang sanes.

Tiyang mirengaken menika saged katingalan saking babakanipun utawi tahapanipun, inggih menika :

- a. mirengaken swanten saha tembung nanging boten nanggapi menapa ingkang dipunpireng,
- b. mirengaken sekedhap-sekedhap kados tiyang mirengaken seserah ingkang dipunpireng naming wos sawetawis kemawon, sanesipun boten dipungatosaken,

- c. setengah mirengaken, umpaminipun tiyang mirengaken diskusi utawi pangandikanipun tiyang sanes, nggadahi kekajengan supados pikantuk kalodhangan mahyakaken pemanggihipun,
- d. mirengaken pasif kanthi ngetingalaken panggatosaken nanging naming sawetawis kemawon, amargi menapa ingkang dipunpireng sampun dipunmangertosi,
- e. mirengaken ingkang cupet inggih menika tiyang ingkang salebetipun mirengaken namung nggatosaken bab-bab ingkang dipunsarujuki, ingkang wigatos malah boten dipungatosaken,
- f. mirengaken satunggaling bab ingkang sesambutan kaliyan pengalaman pribadi,
- g. mirengaken kanthi nggatosaken bab-bab ingkang wigatos saha katranganipun,
- h. mirengaken ingkang kalajengaken atur tanggapan,
- i. mirengaken ingkang saestu kanthi apresiatif saha kreatif.

(Anderson via Tarigan, 1983:20-22).

Jinisipun mirengaken menika warni-warni, inggih menika mirengaken ekstensif, mirengaken intensif, mirengaken sosial, mirengaken sekunder, mirengaken estetik, mirengaken kritis, mirengaken konsentratif, mirengaken kreatif, mirengaken interogatif, mirengaken eksploratif, mirengaken pasif, saha mirengaken selektif.

Mirengaken ekstensif inggih menika kegiyatan mirengaken ingkang bebas, boten dipunarahaken utawi dipuntenggani dening guru. Mirengaken

inggih menika kegiatan mirengaken ingkang dipunkontrol saha dipunarahaken dening guru. Mirengaken sosial inggih menika kegiatan mirengaken ingkang lumampah kanthi sopan saha nggatosaken sanget. Mirengaken sekunder inggih menika kegiatan mirengaken ingkang kleres kemawon, boten mirunggan. Mirengaken estetis inggih menika kegiatan mirengaken ingkang saking basa endah kadosta geguritan, cariyos, lan sapanunggalanipun. Mirengaken kritis inggih menika kegiatan mirengaken sinambi atur tanggapan menapa ingkang sampun kapireng. Mirengaken konsentratif inggih menika kegiatan mirengaken ingkang ancasipun sinau satunggaling bab. Mirengaken kreatif inggih menika kegiatan mirengaken ingkang dipunsambetaken kaliyan pengalaman ingkang tundhonipun ndamel raos remen. Mirengaken interrogatif inggih menika kegiatan mirengaken ingkang saestu, lajeng tiyang ingkang mirengaken kedah mratelakaken pitakenan ingkang wonten sesambetanipun kaliyan menapa ingkang dipunpireng. Mirengaken eksploratif inggih menika kegiatan mirengaken ingkang nggadahi ancas mirunggan ingkang narik kawigatosan, utawi topik ingkang mligi. Mirengaken pasif inggih menika kegiatan mirengaken ingkang boten langsung (kados dene tiyang ingkang boten mbetahaken). Mirengaken selektif inggih menika kegiatan mirengaken kanthi cara dipunpilih pundi ingkang wigatos utawi pundi ingkang dipunkajengaken.

2. Wicara

Wicara inggih menika jinising ketrampilan basa ingkang arupi medharaken andharan kanthi cetha, nalar saha tumata laras kaliyan konteks

saha swasananiipun, sarana lisan ngginakaken manika warni wujud saha ragam basa kangge sadhengah kaperluan.

Andharan bab wicara ing kalodhangan menika dipuntengenaken kaprigelan sesorah utawi medhar sabda inggih menika tiyang ingkang mbabar utawi mahyakaken satunggaling perkawis sangajenging tiyang kathah.

Sesorah menika kalebet gegebananipun teori komposisi utawi ngarang (nganggit), inggih menika komposisi basa ingkang kawedharaken mawi basa lisan. Basa sesorah menika radi beda kaliyan basa pagineman sadinten-dinten, awit kedah ndhapuk mawi basa baku sanes basa pagineman padinten. Dados, bakunipun ngracik basa sesorah menika kepara langkung inggil tataranipun, awit kajawi kedah nggadhahi kawruh komposisi, ugi sageda narik kawigatosanipun tiyang kathah ingkang mirengaken sesorah menika.

Kalih prekawis ingkang kedah dipungatosaken kangge tiyang ingkang sesorah inggih menika: sesorah mbetahaken solah bawa, jejeg lan santosaning kapribadhen, sarta sesambutan lair tuwin batos kaliyan tiyang ingkang mirengaken. Sesorah saged ngginakaken cathetan ringkes ingkang ngemot pokok-pokokipun utawi wosipun ingkang badhe dipunsesorahaken sarta urut-urutanipun, kosok wangsulipun menawi nganggit karangan kedah kaserat jangkep.

Keahlian sesorah menika wigatos sanget, awit kanthi keahlian menika badhe angsal tuntunan kadospundi caranipun nguwaosi tiyang kathah sarta badhe nggampilaken ngrakit andharan ingkang runtut miturut paugeraning

basa. Kajawi saking menika, karana andharan ingkang runtut sarta tetembungan ingkang wijang badhe mahanani suraosing andharan menika badhe gampil dipuntampi dening tiyang ingkang mirengaken.

Kaprigelan mahyakaken gagasan sarana lisan menika mbetahkaken kaprigelan ngginakaken basa ingkang sae saha lancar kanthi linambaran kawruh basa, paramasastra, teori komposisi sarta ketrampilan milih tembung ingkang trep jumbuh kaliyan gagasanipun. Kejawi menika taksih dipuntambah kekendelan, solahbawa ingkang boten goreh wonten ing sangajengipun tiyang kathah, saged nanggapi swasana kanthi cepet saha trep kawicaksanan lan kawaskithan. Wosipun saged medharaken gagasan ingkang tumata, urut, mawi basa ingkang sae sarta solah bawa ingkang mranani, luwes, boten kaken. Sajatosipun sesorah menika saged kaperang dados tigang bagean inggih menika bebuka, isinipun sesorah, saha panutup.

a. Bebuka

Ancasipun bebuka inggih menika mbikak sesambutan utawi kontak batos antawisipun pamedhar sabda kaliyan pamiyarsa, narik kawigatosan, nguwaosi swasana saha situasinipun pamiyarsa ancang-ancang badhe medharaken prekawis. Isining bebuka menika wonten sesambutanipun kaliyan wujuding sesorah, umpami sesorah pengetan dinten ageng, sarasehan, lan sapanunggalanipun, ugi kedah laras kaliyan tujuan/ ancasipun.

Bebuka menika mengku isi: (1) pakurmatan kanthi nyebat asma utawi pepangkatanipun para rawuh ingkang pantes sarta prelu kinurmatan,

(2) uluk salam, (3) puji syukur dhumateng pangeran (miturut agami utawi kapitadosanipun), (4) ngaturaken panuwun awit kalodhangang anggenipun kasuwun sesorah, (5) ngaturaken pambahya sugeng rawuh dhateng para rawuh, saha (6) ngaturaken ringkesan wosing rembag minangka ancang-ancang.

b. Isining Sesorah

Isining sesorah menika boten rembag panjang sanget awit kedah ngegeti: (1) sesorah perkawis menapa, (2) sesorah menika kangege keperluan menapa, (3) jembaring prekawis ingkang badhe kaandharaken lan sapanunggalanipun. Wosipun kedah katrangaken pilah-pilah bab sesorah menapa.

c. Panutup

Isining panutup inggih menika: (1) ngaturaken dudutan utawi ringkesan wosing andharan, (2) ngaturaken panuwun, menawi prelu ngambali sawetawis ingkang sampun kaaturaken ing ngajeng, saha (3) ngaturaken panyuwun pangapunten.

3. Maos

Maos inggih menika jinising ketrampilan basa ingkang lumampahipun kanthi cara nglisanaken waosan utawi basa sinerat saha mangertos wosipun utawi maknanipun ingkang dipunmot salebetung waosan utawi basa sinerat. Jinising maos menika wonten maneka warni. Katingalan saking kapireng lan botenipun swanten, maos saged kaperang dados kalih, inggih menika maos dipunbatin utawi maos boten ngedalaken swanten (*silent reading*) saha maos

kanthi ngedalaken swanten (*oral reading*). Maos kanthi cara dipunbatin (boten ngedalaken swanten), menika bakunipun badhe mendhet utawi badhe mangertosi wos utawi makna ingkang dipunmot ing salebetipun waosan. Dene maos kanthi ngedalaken swanten, bakunipun nglisanaken lambang-lambang tulis ingkang arupi tetembungan saha ukara kanthi lagu ingkang leres.

Katingalan saking cakupaning racikan waosan, maos saged kaperang dados maos ekstensif saha maos intensif. Maos ekstensif menika kegiyatan maos ingkang tebanipun wiyar. Maos intensif menika tebanipun winates, nanging kalampahan kanthi temen. Kegiyatan maos intensif, karana tebanipun wiyar, pramila racikaning waosan kedah maneka warni. Ing ngriki para siswa saged bebas milih waosan ingkang badhe dipunwaos.

Kegiyatan maos intensif, karana kalampahan kanthi temen utawi saestu, racikanipun waosan dipuncawisaken waosan ingkang winates kemawon, cekap setunggal utawi kalih.

Maos ekstensif saged kaperang dados tiga, inggih menika maos survei, maos satleraman, saha maos ingkang cethek. Maos survei inggih menika kegiyatan maos ingkang nggadhahi ancas mangertosi gambaran umum wosing waosan. Maca satleraman utawi *skimming* inggih menika kegiyatan maos kanthi cepet ingkang ancasipun mangertosi isi umum waosan saha perangan-peranganipun. Maos satleraman adatipun kangge: (a) mangertosi topik waosan, (b) mangertosi pemanggihipun tiyang sanes, (c) mendhet perangan ingkang wigatos, (d) mangertosi urut-urutanipun seratan, saha (e) ngengetaken isi waosan ingkang sampun nate dipunwaos. Maos cethek (*superficial*

reading) inggih menika kegiyatan maos kangge mangertosi wosing waosan ingkang cethek kemawon, ingkang ancasipun naming ngisi wekdal kangge ngreremen penggalih, kadosta maos kalawarti, cariyos ingkang cekak, lan sapanunggalanipun.

Maos intensif saged kaperang dados maos kangge mangertosi wosing waosan saha maos kangge mangertosi basanipun. Ingkang kalebet maos kangge mangertosi wosing waosan, inggih menika (a) maos kanthi tliti, (b) maos pemahaman, (c) maos kritis, saha (d) maos ide. Ingkang kalebet peranganing maos kangge mangertosi basa inggih menika (a) maos basa manca, saha (b) maos sastra. Maos kanthi tliti inggih menika maos ingkang temen utawi saestu kangge mangertosi wosing waosan kanthi njlimet. Maos pemahaman inggih menika kegiyatan maos ingkang ancasipun kangge mangertosi norma-norma kasusastran, resensi kritis, sandiwara, saha pola-pola fiksi. Maos kritis inggih menika maos kanthi temen ingkang ancasipun kangge mangertosi wosing waosan adhedhasar pambiji ingkang rasional. Maos ide inggih menika kegiyatan maos ingkang ancasipun kangge mendhet ide-ide ingkang wonten ing waosan. Maos basa manca inggih menika kegiyatan maos ingkang ancasipun kangge mangertosi saha nglancaraken ngginakaken basa manca. Maos sastra inggih menika kegiyatan maos maneka warni wohing kasusastran.

4. Nyerat

Pangertosan nyerat ing mriki kawatesan mahyakaken utawi medharaken satunggaling gagasan utawi andharan kanthi cetha, nalar, saha

tumata ingkang laras kaliyan konteks saha swasannanipun, sarana sinerat, ngginakaken maneka warni saha ragam basa kangege sadhegah kaperluan. Dados nyerat ing ngriki dipunwatesi kegiyatan nganggit utawi ngarang. Bab ingkang ugi kedah dipungatosaken menawi badhe ngarang inggih menika rangka karangan saha cakriking karangan.

a. Rangka Karangan

Tiyang badhe nyerat satunggaling karangan menika kedah cecawis langkung rumiyin. Cecawis menika asring kawastanan rangka utawi ukara (*outline*) karangan. Rangka karangan saged wujud topik-topik utawi ukara. Rangka ingkang wujud topik dumados saking satungal tembung utawi kempalan tembung ingkang madeg minangka irah-irahan, dene ingkang wujud ukara dumados saking ukara ingkang komplit.

Kajawi cara kekalih menika, wonten cara malih kangege ndamel rangka karangan, inggih menika awujud ukara topik ingkang mapan ing wiwitanipun paragraf. Sasampunipun kadamel ukara topik kalajengaken ngracik ukara katrangan.

b. Cakriking Karangan

Adhedhasar ancasipun karangan, cakriking karangan menika dipunbedakaken wonten sekawan, inggih menika (1) karangan eksposisi, (2) karangan deskripsi, (3) karangan narasi, saha (4) karangan argumentasi.

1) Karangan Eksposisi

Karangan eksposisi inggih menika cakriking karangan kangege mahyakaken satunggaling bab supados tiyang ingkang maos mangertos

menapa ingkang dipunkajengaken dening tiyang ingkang nyerat. Ancasipun karangan eksposisi kangge nerangaken satunggaling bab dhateng tiyang sanes. Karangan eksposisi boten nggadhahi ancas badhe ngajak utawi ndayani tiyang maos, nanging nggadhahi ancas supados tiyang ingkang maos mangertos menapa ingkang dipunkajengaken dening tiyang ingkang nyerat. Tuladha paragraf eksposisi saged dipuntingali ing ngandhap menika:

“Sing diarani kalawarti utawa kalawarta, yaiku warta tinulis kang sumebare utawa terbite setengah taun sepisan, sakwartal sepisan, sesasi sepisan, setengah sasi sepisan, lan seminggu sepisan, dadi ora saben dina kaya ariwarta utawa ariwarti. Dene ariwarti, yaiku warta tinulis kang dibabar saben dina, dadi sarana kang wigati tumraping masarakat.”

2) Karangan Deskripsi

Karangan deskripsi inggih menika cakriking karangan ingkang mahyakaken satunggaling bab miturut kawontenanipun, ngantos tiyang ingkang maos saged ngraosaken kados dene dumados saestu. Karangan deskripsi beda kaliyan karangan eksposisi. Bedanipun mapan ing ancasipun. Karangan eksposisi ancasipun supados tiyang ingkang maos mangertos ingkang dipunkajengaken tiyang ingkang nyerat, menawi karangan deskripsi ancasipun supados tiyang ingkang maos ngraosaken kadadosan utawi satunggaling bab kados dene kadadosan saestu. Tuladha seratan deskripsi inggih menika.

“Masjid Agung Surakarta wiwit biyen tumeka saiki ajeg dirawuhu sanak kadang sing padha nindakake ibadah sholat, kanthi ijen lan jama’ah. Hawane sing silir lan papane sing bawera amba, sawise padha nindakake sholat lan dzikir banjur padha ngaso ing serambi masjid sinambi leyeh-leyeh. Kompleks masjid uga wis ana sakehing fasilitas, ing antarane: pawudon, WC, papan parkir, lan sapanunggalanipun. Ing sisih lor wewanganan masjid ana menara dhuwur, papan kanggo adzan. Manggon ing sisih kidul wetan sajroning masjid tinemu bedhug agung Bedhug Kyai Tengara, lan sangarepe masjid ana gapura lumebu menyang komplek masjid.”

3) Karangan Narasi

Karangan narasi inggih menika cakriking karangan ingkang mahyakaken satunggaling kadadosan. Ancasipun, kange mahyakaken dhateng tiyang ingkang maos ngengingi menapa ingkang sampun dumados. Karangan narasi menika awujud biografi saha otobiografi, anekdot, saha insiden, sketsa, saha profil. Tuladha karangan narasi:

“Raden Ngabehi Ranggawarsita nalika timur asmanipun Bagus Burhan. Panjenenganipun miyos kala dinten Senen Legi 10 Dulkangidah taun Be 1728 utawi 15 Maret 1802. Taun miyosipun tinengeran sengkalan “Bujangga nembah pandhita Ji” (1728). Bagus Burhan menika putranipun Mas Pujangswara. Saking ramanipun kaprenah tedhak kaping tigawelas saking Sultan Adiwijaya ing Pajang. Dene saking ibunipun kaprenah tedhak kaping sadasa saking Sultan Trenggana ing Demak.”

4) Karangan Argumentasi

Karangan argumentasi inggih menika cakriking karangan ingkang ancasipun ngyakinaken dhateng tiyang sanes. Karangan

argumentasi mahyakaken menapa-menapa ingkang kedah dipuntampi saha menapa-menapa ingkang kedah dipuntolak. Wujudipun karangan argumentasi arupi pratelan argumen-argumen satunggaling bab ingkang badhe dipunwahyakaken. Tuladha karangan argumentasi inggih menika:

*“Sledri (*Apium gravolens*), tanduran iki bisa ditandur kanthi nggunakake pot. Sledri bisa dimanpaatake kanggo bumbu masak, uga bisa dadi tamba, kanggo ngedhunake panas, nyuburake rambut, tanpa efek samping. Godhong lan gagange duwe manpaat werna-werna. Sledri ngandhut protein, belerang, kalsium, besi, fosfor, zat kimia sing bisa ngancurake radikal bebas, biang penyakit kanker, vitamin A, B1 lan vitamin C.”*

C. Cak-cakipun Wulangan Trampil Basa ing SD

Trampil basa prayoginipun dipunwulangaken kanthi terpadu, antawisipun sekawan katrampilan/ kaprigelan, inggih menika mirengaken (*listening*), wicara (*speaking*), maos (*reading*), saha nyerat (*writing*). Ananging kedah ugi dipungatosaken kelas ingkang dipunwulang saha kajumbuhaken kawontenan sakiwa tengenipun siswa (*kontekstual*).

D. Gladhen

1. Kaandharna pangertosanipun trampil basa!
2. Kaandharna pangertosan saha tuladhanipun sekawan kaprigelaning trampil basa:
 - a. nyemak (*listening*),

- b. wicara (*speaking*),
 - c. maos (*reading*), saha
 - d. nyerat (*writing*).
3. Kados pundi cak-cakanipun mulangaken trampil basa dhateng para siswa SD?

E. Kapustakan

Sutrisna Wibawa, dkk. 2004. *Buku Pegangan Kuliah Mata pelajaran Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Fakultas Ilmu Pendidikan UNY.

